Дагьыстэн усакIуэшхуэм и щIыхькIэ

2-нэ нап.

Къалэмыр щымыужьыхьм деж

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Узыгъэгушхуэл

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№110 (24.548) ● 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъыщIагъэкIым хохъуэ

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къыз эритамкIэ

Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хъуэхъукIэ захуигъэзащ «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ зэхьэзэхуэм и къыкIэлыкIуэ Iыхьэу мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIым и къызэгъэпэщакIуэхэмрэ спортсменхэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм и хъуэхъум щыжеIэ: «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщащхэмрэ абы хэтхэу, пщIэ зыхуэсщIхэ! Си гуапэу иджыри зэ хьэщIэкIэ фIы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, ди щIыналъэ дахэм фыкъызэгъэблагъэ!

Илъэс къэс Урысей Федерацэм и щIыналъэхэр зэпызыщIэу Кавказ Ищхъэрэм и гъэзугхэм махуэ куэдкIэ щрагъэкIуэкI лъакъуэрыгъажэ къызэдзэжр 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ къызэрагъэпэщ. Абы и маршрутыр ирокIуэ бгылъэ гъэзугхэм, я кIыхьагъкIэ километр минрэ ныкъуэм щIегъу.

ЯзыгъэгуфIэ Iэзугъэущ спортым текIуэныгъэхэр къыщызыхьахэр зэрызыщамыгъэгъупщэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэмэ фIыуэ ящIэж я хэкуэгъу гъэзэджэхэр, икIи ирогушхуэ лъакъуэрыгъажэ спортым екIуэлIэныгъэ лъэщхэр щызэIэ, 1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Олимп джэгухэм щытекIуа, дунейпсо чемпионатыр къэзыхьа Шыхъуэ Борис. Совет Союзым и олимп командэм абы щыгъуэ дуней псом ирагъэлъэгъуащ я псэ быдагьыр зыхуэдэр, Хэкум фIыуIагъэныгъэу хуаIэр зыхуэдизыр, иужькIэ щIалэгъуалэм ар щапхъэ яхуэхъуащ.

Хэкупсагъэрщ, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныгъ ноберей зэхьэзэхуэми лъабжьэ хуэхъур. Спортсмен цIэрыцIэхэм, лъакъуэрыгъажэ спортым ипэжыIэкIэ дихьэххэм епсалъэкIэрэ, нобэ мыбдеж кърихьэлIахэм къаруущIа абы хэм къыхалъхьэнущ, я узыншагъэм щхьэпэ хуэхъун щапхъэхэр къытрахынущ.

Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэм ди хьэщIэхэм гукъыдэжыфIхэр къызэрыратынур, илъэс куэдкIи ахэр гукъинэж зэращыхьунур.

ФIыщIэ хузощI Урысей Федерацэм лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и зэгухьэныгъэм мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ хьэлэмэтыр къызэрызэригъэпэщам щхьэкIэ. Зэхьэзэхуэм хэт псомэ си гум ыкIыбгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэну, зыхэтыну зэпеуэр яхуэгуэрлыну, текIуэныгъэхэр къахьыну».

Хъыбарыф1

Iуащхьэмахуэ лъапэ щIэупщIэ иIэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щетх Iуащхьэмахуэ лъапэ щIыпIэ нэхъ цIэрыIуэу тхум ящыщу къызэрагъэлъэгъуар.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил вице-премьерхэм ядригъкIуэкIа зэIуущIэм къыщыхагъэщащ зыгъэпсэхуакIуэхэр нэхъыбэрэ здэкIуэ щIыпIэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зэращыщыр. Абы щIыгъуущ Курск хы Iуфэр, «Красноярск къыргхэр», Кисловодск, Сочэ лъэпкъ паркхэр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысейм зыми хуэмыдэ и зыгъэпсэхупIэ 60-м щIигъум ящыщ зыщ Iуащхьэмахуэ лъапэ икIи иужьрей илъэсхэм абы къакIуэм и бжыгъэр хэпщIыкIыу нэхъыбэ хъуащ.

Апхуэдэ щIыпIэхэм нэхъ я нэIэ тету сыт щыгъуи яхьумэ, ауэ Урысейм и Правительствэр иджыри нэгъуэщI Iэмалхэм йогупсыс, ди щIыуэпсыр хъуа хъун папщIэ. Апхуэдэу, фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ къару игъуэтащ федеральнэ закон хэхам икIи абы егъэщIылIа япэ актхэр къащтащ.

КъищынэмыщIауэ, Правительствэм мардэщIэхэри игъэхьэзыращ зыгъэпсэхупIэхэр зэрырагъэфакIуэ Iуэхухэм ятеухуауэ.

А Iэмалхэр псори зыхуэгъэзар щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэнымрэ цIыхухэм я зыгъэпсэхуГуэ зэманыр зэIуэпэщу, шынагъуэншэу зэрырагъэжькIынумрэщ.

Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ лэжьыгъэ Iуэхухlэ хуэзащ Урысейм Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и генеральнэ унафэщI Кучерявый Юрийрэ абы и къуэдзэ Никитенкэ Сергейрэ.

ЗIIУЩIЭМ хэтащ Парламентым и вице-спикер **Къардэн Мурат**, Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**.

Егоровэм хьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ зажугъэза ноэжь, спортым зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ ди республикэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм яхутепсэлъыхьащ. Мы махуэхэм екIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэ и гугъу ящIащ.

- Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым лъакъуэрыгъажэ спортым гулъытэ хуащI зэрыхъуам. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну щIыпIэхэр зэрахуэхэтхьи нэмыщI, ди щIалэгъуалэм а спорт лIэужьыгъуэм екъуIэныгъэ щаIэну дыхуэйщ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, абыкIэ апэ олимп чемпион хъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Шыхъуэ Борисщ. Дэ хуабжьу дрогушхуэ абы. ИкIи ди гуапэщ ди щIыналъэм къыщеблэгъэжым деж. Фэ фIыщIэ фхузощI мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ Iуэху ди республикэм зэрыщевгъэкIуэкIам папщIэ. Япэрауэ, ар тельыджэт икIи а лIэужьыгъуэм екъуэпса, дихьэха куэд зэрыщыIэм шэч къытесхьэркъым, апхуэдэуи Федерацэм и щIыналъэ къудамэ къызэрызэIуахар ди гуапэщ. КъБР-м и Парламентым и илъэс 30-м ирихьэлIэу спорт Iэуху дахэхэр къетхьэжьэну ди мурадщ. Абы лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьыхьынри хэтынущ, - жиIащ Егоровэм.

Кучерявый Юрий фIыщIэ яхуищIащ махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэ зэдзэкр къызэзыгъэпэщахэм икIи къыхигъэщащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэкIуэкIым и фIагъым илъэс къэс зэрыхэхъуэр.

ЗIыщIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъакъуэрыгъажэ спортым дяпэкIи зэрызрагъэужьынум, абы цIыху нэхъыбэ дегъэхьэхьынм папщIэ щIапхъэхэм, щIалэгъуалэ нэхъыбэ спортым къыхэзыхэн зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.
Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

ЩIыналъэм зыIэпишэу

Республикэм зыщызыгъэпсэхуну къакIуэ туристхэм я бжыгъэм иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар иджыблагъэ жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьынныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис.

«ИУЖЬРЕЙ илъэситхум республикэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хуэди 2,2-кIэ хэхъуащ. Дызэрыт илъэсым и апэ мазихым ди щIыпIэхэм зыщагъэпсэхуну къэкIуащ цIыху мин 621-м щIигъу - ар процент 12,9-кIэ нэхъыбэщ ипэ илъэсым зэрыщытам нэхърэ», - щыжиIащ Рахаев Борис республикэм и Iэтащхьэм деж Стратегие зыужьынныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэм.

Къыхэдгъэщынщи, 2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуну къэкIуа туристхэм я бжыгъэр мелуан 1,2-м щIигъащ. Республикэм и туризмэм пыщIа Iэнатlэхэм абы хэм хуащIа Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэм фейдэуэ сом мелард 11 къахэхащ. 2021 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар процент 13,4-кIэ нэхъыбэщ.

Абы щыIуэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дызэрыт илъэсым и мэлыжьыхьым республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэщауэ щытащ 2025 гъэм ирихьэлIэу ди щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэр мелуани 2-м нагъэсын мурад зэрыщIыIэр.

Рахаев Борис зэIуущIэм апхуэдэуи щыжиIащ 2023 гъэм лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелард 11 зэрыщыхухахар, 2019 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар хуэдитIкIэ зэрынэхъыбэр.

Дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектхэр щIагъэкъуэн яхуэхъуу республикэм ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэм, щIыпIэхэр зэIуэпэщ щыным екъэлIахэм, псэупIэхэр къэщхьуным сом мелардри 7-м щIигъу трагъэкIуэдзнущ. А Iуэхугъуэхэм къызэщIаубыдэ объект зэмылIужьыгъуэу 80-м щIигъу.

Псалъэм папщIэ, абы хохьэ курыт еджапIэу 16, спорткомплекс, Iэрыщ1 мыл зытелъ, лъэрыжкIэ къыщажьыхьын губгъуэ, лышх зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ онкодиспансер, узынышагъэм щыкIэлыплъ Iуэхущ1апIит, жьлэр пэжкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа объекту 16, нэгъуэщIхэри.

Абыхэм нэмыщI, спорт, еджэнигъэ, щэнхабзэ, медицинэ Iуэхущ1апIэхэр къызыхуэтынцIэу зэгъэпэщыжныным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэхэр щIыналъэм иджыпсту щрагъэкIуэкI.

Апхуэдэуи дызэрыт илъэсым автомобиль гъэзугу километри 160-рэ хуэдиз, лъэмыжу, кьалэхэм къапэзыкIухь гъэзугу псори зэхэту метр 275-м нэблагъэ щыIэ мардэхэм кьрагъэтIэсэнущ. Я мурадщ километр 80 зи кIыхьагъ уэрамхэр къэзыГэнэху линэхэр зэIуэпэщ ящIыну.

Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ къэрал программэу 26-рэ, щIыналъэ проектэ 45-рэ: ахэр лъэпкъ проектэ щыIэ 12-м хохьэ.

2019 - 2023 гъэхэм лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ КъБР-м къыхуаутIыпщащ сом мелард 47,5-рэ.

ХЬЭЩIКЪУЕЙ Олег.



Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм папщIэ

УФ-м ЗыхъуэмэжыныгъэмкIэ и министерствэм пещэ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм щыIэ ди сэлэтхэм хуатх тхыгъэхэр, хьэпшыпхэр, ерыскъыпхъэхэр яIэрыгъэхьэным.

УРЫСЕЙ Федерацэм зыхъуэмэжыныгъэмкIэ и министрым и унафэкIэ, пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ Фельдъегер управленэм къызэригъэпэщащ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ ди сэлэтхэм я деж корреспонденцэр нэгъэсыныр.

Килограмми 10-м нэс посылкэхэр дзэм хэтхэм я деж ирагъэхь Урысейм и пощтым и къудамэхэмкIэ. Посылкэр здевгъэхьынур: 103400, Москва къалэ, дзэ частым и бжыгъэр, дзэм къулыкъу щызыщIэм и цIэр, унэцIэр, адэцIэр тету.

«Къуажэхэм псэукIэр щегъэфIэкIуэн» лъэпкъ пэхущIэм хиубыдэу Солдатскэ жылэм щыIэзрагъэпэщыж Пилипенкэ, Евсейченкэ, Iэбубэчырым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсхэм щрагъэкIуэкI гъэзугу лэжьыгъэхэр нэхъыбэу тегъэщIащ цIыхухэр еджапIэхэмрэ къуплыкъущIапIэхэмрэ тыншу екIуэлIэным. Апхуэдэу мы уэрамхэми тетщ станицэм и администрацэм и унэр, курыт еджапIэр, сымаджэщыр, Щэнхабзэмкlэ унэр.

Лэжьыгъэр лъэс зекIуапIэхэмрэ куэбжэпэхэмрэ зыхуэй хуэгъэзэнымкIэ яублащ, лъэсу къэзыкIухьхэр, гъэзугу лэжьыгъэ нэхъ инхэр къажьэхэмыузу, хуиту зекIуэн хуэдзу. Иджыпсту гъэзугум телъ, жьы хьуа асфальтыр трах, Iэмал зэрIэкIэ, гъэзугум и бгъуагъым къыхагъахьуэ, уэшхыпс жапIэхэри занщIэу хуащI. АдэкIэ светофор ягъэувынущ, гъэзугу дамыгъэхэр тращIэнущ.

КилометрипIи зи кIыхьагъ гъэзугур бжьыхьэр имыкIыу ихъэшыр хъунущ.

Бжьыхьэ лэжьыгъэхэм йоужьэрэкI

Прохладнэ - Ново-Покровскэ - Прималкинскэ - Ново-Полтавскэ жылэхэр зэпызыщIэ гъэзугухэм транспортхэр щызекIуэну гугъу хъуат. Кумбльэмбхэр щIэх-щIэхьурэ зэрадыжми къикI щыIэтэкъым, асфальтыр зэрытелэжьыкIам къыхэкIыу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и унафэкIэ, километр 15 зи кIыхьагъ гъэзугу щIадзауэ зэрагъэпэщыж. Бжьыхьэр къызэрысам къыхэкIыу, мы илъэсым зэлэжьынур метр зэбгъуэзэнатIэ 2200-рэ хъу япэ Iыхьэрщ; асфальтыр щIэуэ тралъхэнущ, гъэзугъбгъуэр зыхуей хуагъэзэнущ. Иджыпсту гъэзугум и лъабжьэр зэгъэхьэзыр.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ лэжьыгъэ Iуэхухlэ хуэзащ Урысейм Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и генеральнэ унафэщI Кучерявый Юрийрэ абы и къуэдзэ Никитенкэ Сергейрэ.

ЗIIУЩIЭМ хэтащ Парламентым и вице-спикер **Къардэн Мурат**, Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен**.

Егоровэм хьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ зажугъэза ноэжь, спортым зегъэужьын и лъэныкъуэкIэ ди республикэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм яхутепсэлъыхьащ. Мы махуэхэм екIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэ и гугъу ящIащ.

- Ущымыгуфlыкlыу къанэркъым лъакъуэрыгъажэ спортым гулъытэ хуащI зэрыхъуам. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну щIыпIэхэр зэрахуэхэтхьи нэмыщI, ди щIалэгъуалэм а спорт лIэужьыгъуэм екъуIэныгъэ щаIэну дыхуэйщ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, абыкIэ апэ олимп чемпион хъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Шыхъуэ Борисщ. Дэ хуабжьу дрогушхуэ абы. ИкIи ди гуапэщ ди щIыналъэм къыщеблэгъэжым деж. Фэ фIыщIэ фхузощI мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ Iуэху ди республикэм зэрыщевгъэкIуэкIам папщIэ. Япэрауэ, ар тельыджэт икIи а лIэужьыгъуэм екъуэпса, дихьэха куэд зэрыщыIэм шэч къытесхьэркъым, апхуэдэуи Федерацэм и щIыналъэ къудамэ къызэрызэIуахар ди гуапэщ. КъБР-м и Парламентым и илъэс 30-м ирихьэлIэу спорт Iэуху дахэхэр къетхьэжьэну ди мурадщ. Абы лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьыхьынри хэтынущ, - жиIащ Егоровэм.

Кучерявый Юрий фIыщIэ яхуищIащ махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» лъакъуэрыгъажэ зэдзэкр къызэзыгъэпэщахэм икIи къыхигъэщащ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэкIуэкIым и фIагъым илъэс къэс зэрыхэхъуэр.

ЗIыщIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъакъуэрыгъажэ спортым дяпэкIи зэрызрагъэужьынум, абы цIыху нэхъыбэ дегъэхьэхьынм папщIэ щIапхъэхэм, щIалэгъуалэ нэхъыбэ спортым къыхэзыхэн зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.
Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

Кавказым къыщыщIагъэкIхэр

КИФЩI-м къыщыщIагъэкI хьэпшыпхэм «Продукция Кавказа» («Кавказым щащIащ») сертификатыр къыхуIахьи папщIэ, хьэрычэтыщIэхэм лъэIу тхьилъхэр ягъэхьэзырыну хуит ящIащ. ЩIыналъэм щыщ хьэрычэтыщIэхэм Iэмал яIэнущ къыщIагъэкIхэр щIыналъэми абы и щIыбми щащ1ну, ахэр тыкуэныншхуэхэм, жармыкIэ мыхьэнэ зиIэ щапIэхэм къытралъхьэну. ЩэхуакIуэхэм я дежкIи ар хьэпшыпхэм шэч къыщIытумыхьэн нэщэнэу къуэвынущ.

«Ди къэралми абы и адрыщки щыхуэм я нэ къыщыхуокI Кавказым къыщыщIагъэкI хьэпшыпхэр зыIэрагъэхьэну. ФIагъым и нэщэнэу къэув сертификатыр хьэрычэтыщIэхэм ядэIэпыкъунущ я хьэпшыпхэр нэхъыбфIу къащIыхуным, щапэщIэхэм щIалъхьэным папщIэ. Абыхэм яхохьэ жармыкIэхэр, фестивалхэр, щхьэж зыхуибыдэ къудамэхэм щрагъэкIуэкI дауэдапщэхэр. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ я псэр халъхьэу Кавказым къыщыщIагъэкIа хьэпшыпхэр нэхъ тыншу яхуэщIу тщIыным», - жиIащ Кавказ.РФ Iуэхущ1апIэм и унафэщI нэхъыжь Цамахович Андрей.

Сертификат къызэрыIахьифыну хьэпшыпхэм яхеубыдэ ерыскъыхэкIхэр, псыр, хьэкъущ1кIуэхэр, унэльащIэхэр, щыгъыныр, зэрытхъэщIэ химиехэкIхэр, тыгъэхэр, фадэр, ухуэныгъэ хуэIухуэщIэхэр.

«Дзэлыкъуэ кIэрГюфэ» Iуэхущ1апIэм и унафэщI нэхъыжь Бжэныкlэ Руслан апхуэдэ щIэгъэкъуэныр и хьэрычэт Iуэхухэм сэбэпышхэ хуэхъуу къелытэ: «Ди гуапэщ Кавказ.РФ Iуэхущ1апIэм апхуэдэ жэрдэм къызэрыхилъхьар. ЩIыналъэ жьыжьэхэм къыщежьэурэщ зыгъэр къыщIэзыгъэкIыкIэр хуэм-хуэмурэ къэралым къыщыщащIыхур. «Кавказым щащIащ» брендыр дэни хэIущIыIу щыхъумэ, псом япэ - щIыналъэм и кIэущIым - абы цIыху нэхъыбэ къыщIэупщIэу хъунущ».

«Хьэпшыпыр къыщIэщIыху брендыр хэIущIыIу хъун папщIэ, - жиIащ «Мастер-Прайм. Берёзка» Iуэхущ1апIэм и унафэщI нэхъыжь Бекузаровэ Ларисэ, - ар къыщыщIагъэкI, апхуэдэ Iэщ1агъэI ежьэжьащэ щыпсэу, лэжьыгъэр фIыуэ щалъагъу езы щIыпIэри къеГэщIыхун хуейщ. Кавказ Ищхъэрэм хьэпшыпыфI куэд къыщыщIагъэкI экологие и лъэныкъуэкIэ зэранытхэ къимышэу. Дыщогугъ «Кавказым щащIащ» фIэщыгъэм ди щIыпIэм щыщ хьэпшыпхэм гу къальригъатэу, дэри ахэр нэхъ тыншу тхэущэу дыхъуну».

Дызэрыт илъэсым Экономикамкlэ дунейпсо зэхуэсу Санкт-Петербург щекIуэкIам «Роскачество», «Кавказ. РФ» Iуэхущ1апIэхэм зэгурыIуэныгъэ щызэращIыIам дяпэкIэ зэдэлэжьэну.

2023 гъэр имыух щыкIэ, щIыналъэм щылажьэ хьэрычэтыщIэхэр хуитщ къыщIагъэкI хьэпшыпыр къэпщытэныгъэхэм ирашалIэу, ар зэрыфIым и щIыхьэту къэув сертификатыр къыхIахьну. Нэхьыбэ къэзыщIэну хуейхэм я упщIэхэм жэуап къыщыхуагъэтырыфынущ «Продукция кавказа.РФ» е «Роскачество» интернет хэщIапIэхэм.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

Дагъыстэн усакІуэшхуэм и щІыхькІэ

● Зэхыхьэхэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм тхылъ щеджэ и пэшым, Ныбжьыщ Іэхэм я библиотекэу Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэм, ПащІэ Бэчмырэз и цІэр зезыхьэ Сабий библиотекэм мы махуэхэм зэхыхьэ гъэщІэгъэнхэр щекІуэкІащ совет усакІуэ, прозаик, публицист, зэдзэкІакІуэ, жыларгъуэ лэжьакІуэ, Дагъыстэн АССР-м и цІыхубз усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Гамзатов Расул къыззралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ.

МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ и цІэр зезыхьэ библиотекэм и лэжьакІуэхэм къыззхуэсахэм ягу къагъэкІыжащ Гамзатовым и гъащІэмрэ гуащІэмрэ икІи зэхыхьэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэща «Я разным был, как время было разным» тхылъ дапхъэм тетхэм яхутепсалъхьащ. Абы хагъэхьащ Гамзатовым и тхылъхэу бзэ зэмылІэужьыгъэхэмкІэ къыдагъэкІахэр. «Журавли» усэм, Френкель Ян макъамэ щІилъхьэу уэрэд цІэрыІуэ хъуам, и тхыдэм, ар Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ зэрыхъуам къытеувыІащ. ХъэщІэкэр ирагъэдэлуащ Кобзон Иосиф плёнкэм тригъэтхауэ щыта а уэрэдым.

КЪР-м щылажьэ дагъыстэн лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ, республикэм и СурэтыщІэкэм я зэгухьэныгъэм хэт Сурхайханов Абрэхьим зэхьихьэм хэтхэм екъуэхъуащ Гамзатов Расул къыщалъхуэ махуэмкІэ икІи псоми захуигъэзащ мы гъэр усакІуэм и илъэсу зэрагъэувам и щІыхькІэ, КЪР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым, нэгъуэщІ Іэхущіапіэхэм щрагъэкІуэкІыну зэхьихьэ гуапэхэм хэтыну.

Дагъыстэн республикэм и Правительствэм и жылагъуэ лІыкІуэу КЪР-м щыІэ Герейков Магомедрасул ягу къигъэкІыжащ Гамзатовым и гъащІэм щыщ теплъэгуэзэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр фІыуэ илъагъуу зэрыщытари къыхигъэщащ икІи кьеджащ «Журавли» усэм. Зэхьихьэр къыззэзгъэпэщащэм абы фІыщІэ хуащІащ я лъэпкъагъу усакІуэм и фэеплъыр зэрращымгъуПщэмрэ пщІэ зэрыхуащІымрэ папщІэ.

Жылагъуэ лэжьакІуэ, литератор, УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Болатов Юруслан къытеувыІащ Гамзатов Расул и щІыхькІэ къыззрагъэпэща зэхьихьэ гукъинэжхэм. Апхуэдэхэм ящыщщ Дагъыстэным щекІуэкІа «Бельe журавли» фестивалыр. Абы хьИкъу ирагъэблэзащ щыІащ Гамзатовыр щыпсэуа унэм. Болатовым къыхигъащащ ар зэкІэ музей зэрымыкьуар, усакІуэшхуэм и фэеплъхэр Мэхъэчкъалэ, Истамбул пэмыжьыжьэу зэрыщагъэувар.

КъырихьэлІэхэр еплъащ «Горный родник» къэфакІуэ гупым хэт Аттоевэ Аидэ игъэззащІа къафэм. Гамзатовым и усэхэм ящыщу нэхъыфІу ялъагъуэхэм къеджащ къызэхуэсахэр. Зэхьихьэм хэтащ республикэм и тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ, дагъыстэн диаспорэм щыщхэр, «Ябп итхэм я зэщІэхъееныгъэ» щылэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтхэр, КъБКъУ-м и педколледжым, «Хуэдэ» колледжым я студентхэр, Налшык и курыт еджапІэхэм щІэсхэр.

НыбжьыщІэхэм я библиотекэм къыщызэрагъэпэщащ «Вся жизнь моя в стихах...» литературэ пшыхьэр. ЗэлущІэм щыжаІахэр къызэщІэкъужкмэ, нэхъыщхьэу къыхагъэщащ. Дагъыстэн щІыналъэм и мызакъуэу, ар дунейм псом къызэрыщащІыхуар, и тхыгъэ купщІафІэхэр къэрал куэдым зэрыщызэІэпахыр.

ПащІэ Бэчмырэз и цІэр зезыхьэ библиотекэм щекІуэкІащ «Поэт страны гор» литературэ-макъамэ пшыхь гуапэр. Абы хьИкъу Налшык къалэм и курыт еджапІэ №023-м щІэсхэм ягу къагъэкІыжащ усакІуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ. Библиотекэм и лэжьакІуэхэм ягъэувА «Расул Гамзатов - певец добра и человечности» тхылъ дапхъэм епльащ кърихьэлІахэр.

ЗэІущІэм хэтащ икІи къыщыпсэльащ УФ-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м и цІыхубз усакІуэ Беппаев Мутэлип, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, лъахэхутэ, тхылъ тедзапІэм и унафэщІ, тхакІуэ Котляровэ Марие.

Беппаевыр ныбжьыщІэхэм яхутепсэльхьащ Гамзатов Расул къыззралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ екІуэкІыну дауэдапщэхэм хэтыну дагъыстэн щІыналъэм ирагъэблагъэу зэрыщыІам, абы иращІэкІа зэхьихьэхэм. Мутэлип ныбжьыщІэхэм захуигъэзащ Гамзатовым и Іэдакъэщі1кІэхэм еджэну, абыхэм ящІэнь гъэсэныгъэм, лъапІэныгъэхэм гу лъатэну. Беппаевыр еджакІуэхэм къахуеджащ Гамзатовым хуитха усэм.

Котляровэ Марие къытеувыІащ Гамзатов Расул и щІыналъэр, и унагъуэр, и анздзэлъхубзэр фІыуэ илъагъуу зэрыщытам. Апхуэдэ ныбжьыгъуэр зэригъэлъапІари щІигъэщащ. Зыхилъхьэ щыныІэ и анздзэлъхубзэмкІэ тхэ усакІуэм фІэтельджэт Пушкиным, Лермонтовым, Есениным я Іэдакъэ къыщІэкІахэр.

Гамзатов Расул къыззралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум къыпызыщэт Шэджэм къалэм Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ и унэ-музейм щекІуэкІа зэхьихьэр. Абы къыщызэрагъэпэщащ «ХХ лІэщІыгъуэм и усакІуэхэр» выставкэр, Гамзатов Расул, Кулиев Къайсын, нэгъуэщІхэми я усэхэр зи лІабжьэ уэрэдхэм я концерт. Абы хэтащ «Кредо» театрым и артистхэр.

Тхыгъэри сурэтхэри
ТЕКІУЖЬ Заретэ *ейц.*

Къалэмыр щымыужьыхым деж

Зи тхыдэм пщІэ хуэзыщІ, и щыІэныгъэр зэтес ищІын щхьэкІэ блэкІам хуеплъэкІыж, абы дерс къыхэзых лъэпкъым уемыхъуэпсэнкІэ Іэмал иІэкъым.

ГъАЩІЭР налъэ хужьрэ фІыщІэу зэхэлъу щытамэ, хущІыкІыу Іэмал имыІэу щІэуэ зымы кІихьыинтэкъым, кІыпэщІыпІ Іэзхуэмкіэ гупсысэу кІуэрабгъуэр хуэзІуищэнтэкъым - кІуэцІрыкІынт къэмыувыІэу, кІыззэпІъэкІ имыІэу, зыми хущІэкІыгъуэу, ихъурегъкІэ къыщыхъурри арктуэдей хъымпІар имыщІу. Арщхьэкіэ ар щхьэхэкІэлъпІыкІэ защІэу зэІыльъщ. ЦІыхур тхыдэм хуэныкъуэ зыщІыр зыхэпсэукІ нобэрей гъащІэмрэ щыхьэмыгъэкІ, ихъурегъкІэ неймрэ щІэщхъурэ щыуагъэрэ щаІуымыщІэн къудей щхьэкІэхъым, абы щхьэусыгъуэ куэд пыщІащ, ауэ нэхъыщхьэу зы хэльщ. Гувэми щІэхми дэтхэнэми я пащхьэ Іэмал имыІэу жуаІ иритын хуейуэ упщІэ зыбжанэ къоувэ - сыхэт сэ, дэнэ сыкъыздикІыр, сызыхуэкІуэри сыт, сыт хуэдэ увыпІэ дунейм щызыбудыр? Мы упщІэхэр къыззрыгуэкІыу, абыхэм щІыхуэр егупсысыну хущІыхьэгъуэ ямыІэу жьэзыІэн къахэкІынщ. Ауэ, ипэжыпІэкІэ, цІыхур псэльэфгупсысэф зэрыхъурэ къыдэгъуэгурыкІуэ защІэщи, жуаІп эуэ ямыгъуэтми, лъащІэшхуэ зэраІэр, кІууэ зэрыщІэІэбгъэ зыхьыИмкІэ Іэмал иІэкъым. А упщІэхэм я жуаІпр къыщыбгъуэтынри тхыдэращ, блэкІам зыхригъэІэсасэкІэрэ, а лъэхъэнэм псэуахэм я щхьэр ирипльытКІэрэ, щыщыІа щытыкІІэр зэпшащэкІэрэ.

Лъэпкъ тхыдэр кІагъэпшагъэм хиІьэсэжа пасэрей дунейм нэхъыфІу къыхьобльаГъукІ нэгъуэщІ жьлэхэм я псэуКІэ-щыІэкІэр щыпльагъум, цІыху зэхэтыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм уащыхэхуэм деж. ДунеиущІэкр къыззбнэкІыху, цІыхущІэ нэхъыбэм нэІуасэ уахуэхъуху, уи гулъытэр нэхъ жаи мэхъу, щыІэми-щымыІэми умыщІа Іуэхугъуэхэми уи гур техуэу, ахэр зэбгъэзахуэу ухуожьэ. Апхуэдэ Іэмал иІэ цІыхум и къэухьри, шэч хэмылъу, нэхъ бгъэщ. Ар хужьпІэфынщ дунейм и пІалъэр фІы дыдэу къэІэпхъуэ. Іэджэ щІыпІэми щыІа, куэд дыдэ зи нэгу щІэкІа Къандур Мухьэдин.

Тхакіуэр хамэщІым къыщыхъуами, и цІэр фІыуэ къыщащІэ Хэкум. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэм щыгъэзэуу ямыгъэгупсыса, и лІыхъужьхэм я гумэщІыгъуэхэмрэ гуфІэгъуэхэмрэ ядэзымыгуэша, гъащІэм и зэпэзэрылъэхэмрэ къигъэув лъэпощхьэпохэмрэ химыгъэпльа къэгъэтІыгъуэращ. Апхуэдэущ, псалъэм папщІэ, тхылъищу зэхэт «Кавказ» романым и лІыхъужь нэхъыщхьэхэу Ахьмэтрэ Цемэрэ, «Адыгэхэр» романым къыхэщыжьэ Асльэнрэ Маждэрэ я теплъэр, я дунейр, я цІыхуу щыкІэр... Тхыгъэхэм я сюжетыр гъащІэм къыззрыхэхам, блэкІам и пэжыр бзыщІэмэльу къыззрызэкІуэцІихам ахэр гуимыкъуэ кІуэ, щІэх-щІэхьыурэ кьахуэбгъэзэжу щІэбджыкІыжьыну щытыкІэ урегъэувэ. Нэхъ мащІэу узыІэпашэрэкъым Кьандурым иужьрей илъэсхэм и кьалэмыпэм къыщІэкІа «Кабардин», «Адыгэ», «Гъэр бзыльхугъэ», «Фейсбук романс» тхыгъэшхуэхэм.

Зи цІэ кьитІуа тхыгъэхэм кьакІэрыхуркъым Котляровэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІа, адыгэм и щхьэ кьрикІуэ хуэгъэзащІэхэм ящыщ зы Іуэхугъуэ къытхуэзыІуэтэж тхыгъэщІэр. «Фокіэщі» («Колибри») - аращ зэреджэр Кьандур Мухьэдин и тхылъ гъэщІэгъуэным, и уэхуэкІэ Іэным, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэным, сурэт щІыным щыхуагъасэ кружокэр. Нэхъапэм яІа щэнхабзэмкІэ центрыр щІыпІэ администрацэм и унэм хэтт, иджы яухуэм нэхъри хуэдитІкІэ нэхъ цІыкІут, цІыху куэдым ятещІыхьа дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІыну гугъуу. Шэч хэмылъу, унэщІэм щыгуфІыкІынущ Эльбрус кьуажэм щыпсэу дэтхэнэ зыри.

Мы зэманым блынхэр дращІей, куэд мыщІэу унэм и Іуплъапіэр кьухьагъэкІынурэ унащхьэ трагъэхьэнущ. Щэнхабзэмкіэ унэр хьэзыр щыхъунур 2024 гъэрщ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, дунейр уэтІпсытІ къэмыхъу щыкІэ, унащхьэр телъхъэныращи, ухуакІуэхэр абы йоужьэрэкІ, адэкІэ лэжьакІуэ **Хъуажь Фахъри**.

✦ **1949 гъэм** кьалъхуащ шэрджэс усакІуэ, журналист **Пхъэш МуІэед**.

✦ Усакіуэ, тхакіуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 23-рэ, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Фокіадэм и 15, *мэрем*

✦ **Демократием и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм кьыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэувауэ, 2007 гъэ Іьандэрэ ягъэлъапІэ.

✦ **Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

✦ **1932 гъэм** Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр кьэзІуэахащ.

✦ **2000 гъэм** Австралием и кьалэ Сидней кьыщызэІуахащ XXVII гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ **Кьардэн Мурат**.

✦ **1911 гъэм** кьалъхуащ философие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, блэкІа лІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытА **Цавкилов Борис**.

✦ **1938 гъэм** кьалъхуащ усакІуэ, критик, литературовед, КъБКъУ-м и доцент **Къэжэр Хьэмид**.

✦ **1946 гъэм** кьалъхуащ егъэджакІуэ, узэщІакІуэ, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Хъуажь Фахъри**.

✦ **1949 гъэм** кьалъхуащ шэрджэс усакІуэ, журналист **Пхъэш МуІэед**.

✦ Усакіуэ, тхакіуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Джэду щысу шыпсэ умыІуатэ.

Куэд щІауэ зыпэплъа

● Ухуэныгъэ

«Къуажэхэм псэукІэр щегъэфІэкІуэн» лъэпкъ пэхущІэм хиубыдэу Эльбрус жылэм щауху цІыху 300-м ятещІыхьа Щэнхабзэмкіэ унэ.

АБЫ хэтынущ утыку хуит, зытІэщІыпІэ-зыхуэпапІэ, библиотекэ, пшыхьэмрэ зэІущІэхэмрэ щрагъэкІуэкІыну пэшышхуэ. Ухуакіуэхэм пкъыгъэу нэхъыфІхэмрэ нэхъ быдэхэмрэ къагъэсэбэн, бгыпъэ щыпІэхэм щІыр нэхъ зэрыщыхьэйм тещІыхьауэ - балли 8 мардэр яхуэшэчын хуэдэу. Уардэунэм иІэнущ езым и лъэкъуэр и ток зэбрытыкІыпІэ щхьэжуэрэ.

Куэд Іьандэрэ къуажэдэсхэр зыпэплъа Щэнхабзэмкіэ унэм щылэжьэнущ къэфэным, уэрэд жыІэным, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэным, сурэт щІыным щыхуагъасэ кружокэр. Нэхъапэм яІа щэнхабзэмкіэ центрыр щІыпІэ администрацэм и унэм хэтт, иджы яухуэм нэхъри хуэдитІкІэ нэхъ цІыкІут, цІыху куэдым ятещІыхьа дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІыну гугъуу. Шэч хэмылъу, унэщІэм щыгуфІыкІынущ Эльбрус къуажэм щыпсэу дэтхэнэ зыри.

Мы зэманым блынхэр дращІей, куэд мыщІэу унэм и Іуплъапіэр кьыхьагъэкІынурэ унащхьэр трагъэхьэнущ. Щэнхабзэмкіэ унэр хьэзыр щыхъунур 2024 гъэрщ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, дунейр уэтІпсытІ къэмыхъу щыкІэ, унащхьэр телъхъэныращи, ухуакІуэхэр абы йоужьэрэкІ, адэкІэ лэжьакІуэ **Хъуажь Фахъри**.

✦ **1949 гъэм** кьалъхуащ шэрджэс усакІуэ, журналист **Пхъэш МуІэед**.

✦ Усакіуэ, тхакіуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Джэду щысу шыпсэ умыІуатэ.

ТекІуахэр ягъэпажэ

КЪР-м щыІэ МВД-м щагъэлъэпІащ «ПІъыр-пост къулыкъум и лэжьакІуэр - сабийхэм я нэкІэ» сабий творчествэмкІэ республикэ зэпеуэм и лауреатхэр. Зэхьэзэхуэр хуэщІат Урысей МВД-м и пІъыр-пост къулыкъуэ къызэрыгъэпэщІэ илъэси 100 зэрырикъум.

Ар ирагъэкІуэкІащ 2023 гъэм и мэлыжьыхьымрэ накъыгъэмрэ. Зэпеуэм и комиссэм къыІэрыхьат республикэм и районхэм кьикІа лэжьыгъэ 30-м щигъу. Абы пашэ щыхъуащ Налшык кьалэм, Кьэщкъэтау, Бахъсэн кьалэ округым и школхэм я еджакІуэхэр.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪР-м щыІэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий ныбжьыщІэхэм щІыхь тхылъхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ яритащ, школакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ зэпеуэм жьыджэру зэрыхэтам папщІэ.

- Фэ дэтхэнэ сурэтми творческэу фІыгъэдыхьащ. Фи лэжьыгъэхэм кьыщыхьу щІэджыкІыныр хабзэу яхэльщ. Ауэ а къэралхэм щыІэкІуэ литературэм ІасхъэщІэх Іэнатіэхэр зэрылажьэу щытам хащІыкІыр кьызэрымыкІуэу мащІэщ, совет къэралым и унафэкІэ Европэм щэхуу щылажьэу щытахэм я Іуэхуэмрэ и хьыбар щІагъэр яхэлъхьам. Ар тхакіуэм щыщІэныгъэу кьилъытэри, ятещІыкІэ совет тІасхъэ щІэхыкІэм, абы и Іэужьыгъуэхэм, жасусхэр зэрагъэхьэзыру щытам ехьэлІа тхыдэхэрэ романым и щІыщІащ, абы адыгэ щІалэм и гъэзэгуанэри мыбзаджэу хипщэфащ. Дызэрыщыгъуэзэщи, ЕтІуанэ дунейпсо зауэм иужькІэ кІэщІ дыдэу «мамырыбжьэр» зэдзыбфахэр зэщыІеиежащ, дуней тепщэныгъэр яхуэзымыгъэгъэшуи зэпэщІэуцІэрэ.

Хэти хущІэкъуэрт и жьауэр цІыху нэхъыбэм ялъигъэІэсыну, хэти хуеІэрт, джемкратиер и щхьэусыгъуэу, ауэ нэхъ щхьэхуиту игъэпсэуну. ПсэнькъуитІми я зэпэщІэтыныгъэр фоч уэгъэншэ зауэу илъэс пщІы бжыгъэкІэ екІуэкІащ. Дунейми цІыхубэми абы къахуихьар сыт, сыт фІэкІуэдар, сыт зыпэмыІэсар? А упщІэхэм я жэуапир рома-ным и лІыхъужьхэм я ГъусэУ дэри къащІодылъхьэу. Батырыр щІалэ Іущу, зэхэщІыкІ зиІэу ди пащхьэ къоувэ. Абы елъагъу, къыщІэхъуа хэпъэгум щекІуэкІ политикэм сыт хуэдиз фІагъ хэмылъми, цІыхур фІыщІэу ильагъуу зэрыщымытыр, ауэ, апхуэдэ дыдэуи, зыхещІэ, КьухьэпІэмкІэ щыІэтеува гъащІэм, сыт хуэдизу хуиту уимыгъэпсэуми, цІыхур щхьэрыуІтыпщ зэрыщІыр, и сэфэтым иригъэкІынкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр. А псор зэрегъэзахуэ Батырым...

УэхъыхьэкІа лъэпкъым гъэхъым, абы къыхьІыу, цІыхур дригъэхьэхьн папщІэ, Батыр Султэн и унагъуэ, лэжьыгъэ, гурыщІэ ятеуха сюжетхэр тхыгъэм къыхешэ. ЖыпІэнуращи, ухуиньхэу нэхъ ухиньасэу, кино уеІпъ фІэкІа умыщІэу, тхыгъэщІэр Кьандурым екІуу зэригъэпэщащ.

Романым и сюжетхэр хуажьбу зэхэуухуэнащ. Зэм зы щІыпІэм укъыщыщІедз, зэми, зи гугъу ищІ Іуэхугъуэхэм щхьэусыгъуэ хуэхъуамрэ кьежьапІэ ящІыпІыр хабзэхъумэр зэрыфІьагъур. Узынщагъэ быдэ, творческэ екъулІэныгъэхэр адэкІи фиІэну си гуапэщ, - къыхигъэщащ министрым.

Апхуэдэущ фІыщІэ яхуищІащ сабийхэр гъэсэным егугъу адэ-анэхэм.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Абы дегъэпІейтей

Дахэм и къуагъым

Ди къуажэхэм удыхьэну гухэхъуэу, псэуныгъэр щофакІуэ: унэхэр зэтетщ, я псэуалъэхэр екІуу кьеущІакІащ. Жылэхэм ящыщ куэдым щэнхабзэмкІэ унэхэр щІэуэ ящІыну, е щызэрагъэпэщыжащ мардэ нэхъыфІхэм тету.

АПХУЭДЭ ефІэкІуэныгъэм щыгугъу нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэри юфунэку - зы щы ІэнэщІ зыщІыпІи щыбгъуэтыжьнукъым, гужьеиныгъуэ гуэрым иІыгъым хуэдзу, псоми псори зэщІакъуэ. Нэхъапэхэм бгыщІыкІущхьэхэр, ныджэхэр, тафэхэр кьагъанэу щытащ, шкІэ, джэдкъэз хьупІэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр хуэм-хуэмурэ мащІэ дыдэ мэхъу. Щ1ыуэпсми езым и хабзэ ткІийхэр иІэжщи, Іэщ зэрымыгъ губгъуэр зэщІэкІэу щІедзэ.

ТфІэгъэщІэгъэну кьуажэ зыбжанэм зыщыгтплъыхьащ. Джи щыпІалгъур а зы тепльэрщ: кьуажэжу дыдэхэм ущэ екъужьжэр, кьуацэхэр щымащІэкъым. Унагъуэхэм езыхэм зыкъыхагъэхьэбзыкІ мащІэ дыдэ, адэкІэ Іэбэу пхуэщІакъуэнукъым, япэхэм хуэдэу. Аращи, лъапсэхэр дахэкІейщ, ауэ щыпІэщІыпІэкІэрэ бэрэжьей, хьэщІбанэ, екІэпщІэ, дзэл жьгъэр, банэхур щыкуэдщ.

...Автобус къэувыІэпІэм зыхуей хуэзэ учъ лъапсэ къыбгъэдэтщ, кьалэ кІуэцІкэ зэрагъэдахэ туе нэгъуэщІ куэдрэ Іуту. ШэрхъипІым тет гу цІыкІуи из кІэрыхуфьжьэрыху къыдишри, цІыхубзым я гупкІэ щежжэ псыпІ пэмыжьжьэу щрикІутащ, зыиу къыщымыхъуу - и щапэщІу къыщІэкІынтэкъым. Нэрэ пэрэ фІэкІа къызэхуэсыт и куэбжэпэм ар зэрыпІухэр лъэбакъуэ зыбгъупущІ. ЩхъэантІафэрэ ушхІуэращкІуэжу бжьыхьэм кьежэх псыр хьабзэщ, мывэу хэлъыр абджым хуэдэу кьызэпхыпсу, ар кьызыщІэж кьурщи упльпмэ уольагъу. ЦІыхум ирафыну псыр щызэпэубыда щыпІэжэм елъытауэ, дэ жэнэтыжм дисщ, а диІэм пщІэ хуэтщІын, тхъумэн хуейуэ.

Псыр езыр-езыру зогугъэж жьпІэну, сыт щыгъуи ирильэсхэ и Іуфэ бгъущэ тІэкІур кьабзэщ, бэрэтИнагъуэ зэщІэгъэгъар екІуэкІыу Іуту, ауэ къыздэплъэкІи - а кьыдаша самэр щылъщ. Ахэр хуэмурэ Іуащьхэ щыкІуекІыкІуу кьызэхоиІ, псы Іухьэпіэхэр быркъэушьаркъуэ ящІу.

Ди къуажэхэм мыдахэ яхэткъым, дэнэкІи бгыщ, псыщ, я зы теплъэгъуэми гукъыдэж хэпхыу. Абыхэм ящІщ зым и гупэмкІэ къит джабэм и лъагапІэм хуэзэу ягъэщІащ тетщ совет лъэхъэнэ лъандэрэ геодезистхэм ягуаэзу къагъэсэбэп пкъоиц зэгъэкъуа. Иджыблагъэ пкъоиц ящІащ зыр лъэныкъуабэ хъуащ, абдежым пэмыжьжьэу зи щІы кІапэр телъ бэджэндырылажьэхэм я зэранкІэ: Іэщхэр хьэсэм хэмыхьэн папщІэ я щІы кІапэхэм хуэзэр кууэ иратІэкІащ. Ар зыкъэкІуаращи, уэшхыпсыр из хъум, щІыр къигъэуцІынурэ, щІэнгъуазэ Іуэхуэкіэ къаГъэсэбэп ухуэныгъэ быдэр пхьхьуу хуежьащ. Бгыщхьэм къуэ щыдэпТІыкІ зэрымыхъунур пщІэн щхьэкІэ еджагъэшхуэу ущытын хуейкъым. Апхуэдэ щытыкІэм кьежьапІэ хуохъу а объектхэм кІэлъыплъын хуейкъэм жэуаплынигъэ яхэльуІуэхум зэрыбгъэдэмытыжьыр.

ИтІанэ, бжьэпэхэм теІ унагъуэ хадэ, е гъавэ щІапІэ ящІыну, ахэр ящІ тынтакъым фІыуэ пыуХауэ щытащ, бгыщхьэхэм льагъуэ бгъуфІэхэр, тетІысхьэпІэ гъэувыпІэхэр иІэу. Иджы бжьыхьэр гъунэм пэгъунэгъу къащІ, екІуэкІыпІэ къудейхэр зэрысэуІу, а зэщІабудэ щІы ІэгупІэм гъэ мэкъумэшыр къытрахыным хуэдэу. ЩыІэжькъым уэрэшрыжу дадэжэр бжьэпэхэм тесу щыщыІар. Нэхъыбэ щыхум къаубыдыху, щыпІэхэри нэхъ дохуэх. Хэт зэщІэхъэ, яхузэхьэнум иІэу къыщІэкІынщ гъунапкъэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Иджыри зы махуэшхуэ ягъэбелджылы

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм даІыгъынущ фокІадэм и 30-р ЩІыналъэщІэхэр ди къэралым къызэрыгухьэжам и махуэу ягъэувыну Урысейм и Президентым къызэрыхилъхьар.

АПХУЭДЭ унафэр тэмэму къельытэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ.

Путин Владимир иджыблагъэ къыхилъхьа законопроектым къызэрыщыгъэлъэгуамкІэ, ДНР-р, ЛНР-р, Запорожье, Херсон щІыналъэхэр Урысейм къызэрыгухьэжам теухуа махуэшхуэр фокІадэм и 30-м ягъэлъапІэнущ. Матвиенкэ Валентинэ къыхигъэщащ а махуэм цІыхубэ зэкъуэтыныгъэр лъабжьэ хуэхъуну къызэрилытэр икІи депутатхэм къэралым и Іэтащхьэм и жэрдэмыр зэрыдаІыгъынум шэч къызэрытримыхьэр.

Украинэм полицэри къигъэсэбэпынущ

Зеленский Владимир и офисым и унафэкІэ, полицэм и лэжьакІуэхэм я зэфІэкІыр, я къалэнхэр гъэзэщІынэм зэрыхуэщІар къыщагъэлъагъуэ къэпщытыныгъэхэм пхымыкІхэр дзэм ираджэнущ. Апхуэдэу цІыху мин 50-м нэблагъэ щыІэну къалъытэ.

АПХУЭДЭ унафэр тэмэму къельытэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ.

Путин Владимир иджыблагъэ къыхилъхьа законопроектым къызэрыщыгъэлъэгуамкІэ, ДНР-р, ЛНР-р, Запорожье, Херсон щІыналъэхэр Урысейм къызэрыгухьэжам теухуа махуэшхуэр фокІадэм и 30-м ягъэлъапІэнущ. Матвиенкэ Валентинэ къыхигъэщащ а махуэм цІыхубэ зэкъуэтыныгъэр лъабжьэ хуэхъуну къызэрилытэр икІи депутатхэм къэралым и Іэтащхьэм и жэрдэмыр зэрыдаІыгъынум шэч къызэрытримыхьэр.

И ТЕЛЕГРАМ-каналым а Іуэхум щытепсэлъыхьащ Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм и депутату щыта Кива Илья.

Абы къыхигъэщащ «псор и - зэуапІэм» жиІэу, МВД-м къыхилъхьа Іуэхум ипкъ иткІэ, илъэсыщІэр къыхьэхукІэ, полицэм къыхагъэкІыжу, лэжьакІуэ мин 50-м нэблагъэ фронтым зэрагъэкІуэнур. КъызэрагъэлъагъуэмкІэ, ар Украинэм и полицэм хэтэну я Іыхьэ планэ мэхъу.

Украинэдзэхэм я штаб нэхъыщхьэм и лІыкІуэ Селезнёв Владислав зыщІэхьэІу маззм жиІаэу щытащ, законодательствэм зэхъуэкІыныгъэ хамылъхьэуи, Украинэм дзэм ираджэну илъэс бжыгъэкІэ къикІ щІыхухъуэр иджыри зэриІэр. Апхуэдэ дыдэу, Украинэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта Резников Алексеи нэхъ ипэкІэ жиІащ мобилизацэм епхаУэ парламентым игъэбелджылаІуэхуэр и кІэм нэсу иджыри къэралым зэрыщамыгъэзэщІар.

Фокіадэм и 14, *махуэку*

✦ **1871 гъэм** кьалъхуащ генерал-майор, КъуэкІыпІэ Жьыжьэм пащтыкъым щиІа армэм и командующэу щыта **Хьэгъэндокъуэ Едыдж**.

✦ **1914 гъэм** кьалъхуащ шэрджэс тхакіуэ **Хъыту Сайдин**.

✦ **1947 гъэм** кьалъхуащ хьэрычэтыщІэ, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу щыта **Дер Станислав**.

✦ **1950 гъэм** кьалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетІал**.

Къэрадж

Ди ІэдакъэщІ

Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.

Ди ІэдакъэщІ

Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу,
Ди ІэдакъэщІ Іэ ІуэІэбжьу.

ШУРДЫМ Динэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ГъащIэр къыпхуитхыкIыжынукъым

Черниговская Татьянэ и IэщIагъэкIэ акъылым, щхэ куцым, гупсысэм я лэжьэкIэр къэзыхутэ щIэныгъэрылажьэщ. Санкт-Петербург дэт къэрал университетым нейропсихологие, психолингвистикэ предметхэмкIэ щрегъаджэ, тIэунейрэ щIэныгъэхэмкIэ докторщ: биологиемрэ филологиемкIэ. Илъэс 76-м ит цIыхубзым «жьыми щIэми докIу» жыхуаIэ хьэл зэрыдэлпъагъум нэмыщI, уемыдэIуэнкIэ Iэмал имыIэу, шэрыуэу мэпсалъэ. Зи гугъу ищIхэри къыпфIэIуэхун хуей защIэщ.

«СЭ сызэрегупсысымкIэ, щIэныгъэм (наукэм) и къару мащIэр къыгъэсэбэпурэ, Тхьэшхуэм дунейр зэриуцур къыдгуригъаIуэу аращ. Нэхьыбэ пщIэху, дунейр ауэ сытми зэрымыщIэкIэ къэунэхуа гуэру зэрыщымытыр кIуэ пэтми уи фIэщ нэхъ мэхъу», - жеIэ бэзыльхъгъэ Iущым.

Нэхъыбэрэ Черниговскэр зытепсэлъыхь Iузхуэгъэщ щхьэ куцIыр, акъылыр мыхьэнэ зимыIэ хъэхуькъащIэхэм, тхылъхэм, узыдзэплъей мыхьуну цIыхухэм, фIым укъыхуезыщIыжь фильмхэм ящIыхьумэн зэрыхуейр.

«КIыпIэрыхьэу хъуам укъедджэ хъунукъым, - жеIэ егъэджакIуэм. - Щхьэ куцIыр къэузанэхъым, абы кIэпхъэуэтар кIыпхуихьыжынкъым. Щэрыжэ зэжIуэкIа пшхамэ, уи лъатэр Iэмал гуэркIэ пхуэгъэкъабзэжынущ. Щхьэ куцIым апхуэдэу епщIэ хъуркъым, иплъхьар кIыузэрипхыжын хущхъуэ щIэжкъым. И кIэуцIым щхьэхьым ешхы псори кIэнэри, зэрыщIыту еуцIэпI. КIыхьIэрыхьэу хъуар абы ивмыкуэ. ЦIыху губзыгъэ кIыхьэкIыну фIыхуеймэ, тхылъ кIыззэрымыкIуэ феджэ, музыкэ кIыззэрымыкIуэ федалуэ, фильм кIыззэрымыкIуэ фепIль. Гъэгу тынш кIыхэвмык. Фи щхьэ куцIым хуэдэ зыми иIэкъым, ар фхъумэ, пщIэ хуэфщI, зефхьэ».

«Еджэн щыхуейр уделэ нэхърэ, губзыгъэ ущытмэ зэрыпхъыфIым и закъуэкъым, - дыщрохьэлIэ нэгъуэщI лекцэм. - Ар армырамы гурыIуэгъуэщ. Уеджэху, уи щхьэ куцIыр зыхэпсэукI наIуэ зэрыщIэнымрэ, гупсысэ гуэрым дихуамышIэну пIэрэ Шэщэн Республикэм иджыблагъэ къыщаIэта, нысашэм ехьэлIа унафэхэм? Республикэм и унафэщIыкIэ муфтийимрэ зэгурыIуэрэ, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

1. Уасэм (калым) и инагъым зихъэжыркъым: сом 80000-рэ шэщэн хабзэкIэ абы дыщIащ. Ар щыгъуэ, шейр, сурэтыр, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

1. Уасэм (калым) и инагъым зихъэжыркъым: сом 80000-рэ шэщэн хабзэкIэ абы дыщIащ. Ар щыгъуэ, шейр, сурэтыр, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

2. Хъыджэбзым щыгъ бостейр щэшэн хабзэмрэ исльам динымрэ я мардэм иту щытын хуейщ.

3. Нысашэр унэм щащIми, ресторанym щрагъэкIуэкIми, шэшэн хабзэр и лъабжьэу щытыпхьэщ. Абы емызэгъ фотосессиехэр и видео сурэтхэр техынщ, псом хуэмыдэу ахэр иужькIэ интернетым кIыпхьэжьынщ ядэрэкъым.

4. НысащIэр унэм къыщыщIащIкIэ (Iащхьубыдыпщ) щауэм и благъэхэм я Iэ икIыр сом мини 10-м щIигъу хъунукъым.

5. НысащIэм гъусэ кIыхуащI хъунущ щIыхубзмI-шы, шэшэн хабзэм тету.

6. ШэшэнхабзэмтетуIрагъэхьыж пхъуантэ бжьгъэм зихъуэжьыкрыкъым, ауэ емыгъэлеиным хуэсакъыпхъэщ.

7. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ нысащIэм и дыщым щыкIуэкIэ, лъапIэу зыри яхьын хуейкъым, хабзэкIэ къекIуэкIым фIэкIа.

8. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ, щыкъу аемрэ щыкIуэ адэмрэ тыгъэ лъапIэ хущIыркъым, ари къекIуэкI хабзэм тетыпхъэщ.

9. НысащIэр япэу и дыщ щашэжкIэ, гуащэ-тхъэмадэр и гъусэми и мыгъусэми хъунущ, зэрышIагъащIэкэр абыкIэ зэгурыIуэну хуитщ.

10. Малъхъэр нысащIэм и дыщ щыкIуэкIэ, зы щыхухэу, тIу е щы ирегъусэ. ЦIыхубзуи зы е тIу здашэ хъунущ. ЗэрыщIыпIэну зэманкIэ езыхэм яубзыху.

11. Малъхъэм и щыкъум яхуихь тыгъэр сом мини 10-м фIэкIын хуейкъым.

12. Малъхъэм тыгъэ къыщыхуащIкIэ, хьиим иремыкI, шэшэн хабзэм трет.

13. Ислъам диным емызэгъ тыгъэ егъэлеи псори - налкъутналмэс зэрыс Iэлъынхэр, шубэхэр, унэм зэрыщIэбэ Iэмэпсымэхэр, фэтэрыщIэхэр, машинэхэр, кIынэмыщIхэр - хъункIэ Iэмал зимыIэщ.

14. Зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхуэхэр Iимамхэм зэпкърыхьжынущ.

Гъунэгъуэм дадэвгъэплъей щыжьтIэкIэ, запэдвгъэщIыж жьытIэу кIыдгъэкIыркъым. ЩхэхуэсфIэкIкIэ, сыт ягъэ кIырэр жызыIэни щыIэщ. Ауэ уэ пхуэзфэкIыр зыльъагъу зыхуэзфIэмыкIым и насыпым гугъу хебгъэхьжыныр захуагъэ? «Иджыпстэ пасэу къашэрэкъым, пасэу дэкIуэркъым» щIыжкIэр унагъуэ щащхуэпхъэ ныбжьым зихъэжьауэ аракъым, щхьэусыгъуэр нысашэр зэрархуэдэмыхьынущ. Пэжщ, беи тхъэмыщIкIи игъащIэми щыIащ. «Зимыльэр зэзмыгъэхъуэпсэнымэ, сыт сыщIэлажьам и мыхьэнэр?» - жызыIи урихьэлIэнущ. А гупсысэкIэ пэнжьым пэлъэщыпхъэ акъылри зэрымыкIуэдыжьам фIым дыщегъэгъуэгъ.

Нысашэм текIуэдж нэчыхьхэр

Унагъуэм, гъэсэныгъэм, игъащIэ лъандэрэ цIыхум къыдекIуэкI псэукIэ хабзэм и мыхьэнэр хъумэным ди къэралми, республикэми, акъылрэ гупсысэрэ зиIэ дэтхэнэ зыми пщIэшхуэ хуащI. ИтIани, гъэнэхуп1э имыхуахэр зыгъэбзэлрыгъ куэд утыкум къыщиззэрыхьым деж, иджыри къэс дызытепсэлъыхьыну тфIэемыкIуахэм я гугъу дымыщIу щымыхъуж гъунэм и Iуфэм дыкъыщохутэ.

«НЫСАШЭ ехьэжьахэм» нэхърэ гулъытэр нэхъ зэзышIалIэ ди псэукIэм хэткъым жьытIэмэ, куэд къытпэрыуэну къыщIэкIынкъым. АкъылкIэ убгъэдыхьэмэ, абы и мыхьэнэ пэжыр цIыхуитI зэбгъэдэувэу цIыхубэр адэкIэ езыгъэфIэкIуэн унагъуэщIэ къызэрыуэнхурщ. Ауэ зи насыпыкъэгъуэр и насыпым егупсысну I1эмал къыхуимыгъэнымэн нэсащ хьэгъуэлIыгъуэм къарурэ мылъкуу текIуадэм. УнагъуэщIэм щIэгъэкъуэн дыхуэхъуным и пIэкIэ, нэчыхь зэпцIагъащIэр щIэкъутэжьын щхьэусыгъуэхэр дымыгъэбагъуэу пIэрэ жьдзэыгъэIэ щапхъэ куэди ди нэгум щIокI.

Иджыпсту къэрал хабзэкIэ нэчыхьыр зыгъ ЗАГС-м и лэжьакIуэри, нысашэр езыгъэкIуэкI джэгуакIуэри ущытын хуейкъым нысашэм ахъшэшхуэ зэрытекIуадэр къыбгурыIуэн папщIэ. «Кредит нысашэ» псалъэ жагъуэри уафэм къехуэгъанкъым. ХьэгъуэлIыгъуэ сурэтхэм щIат мылъкур зыфIэмащIэу нэчыхьым ельэпIуэахэм я хьыбари, кьрагъэблэгъэну цIыху бжьгъэм игъэгъкIийуэ нысэр езыухжьэжьэри, утыкум къыпхъэну емыкIу нэгъэущI хъыбархэри дзэу дзлъщ дзтхэнэ къуэжи къали. Зи щIалэгъуэм псынщIагъ гуэр дэплъагъункIи зэрыхъунум хуэхьэзыру щытыпхъэ нэхъыжь тэмакъкIыхьхэм я пIэкIэ, фIэгъэнапIэ пхуэщIыну щхьэусыгъуэхэм ятемыплъэкъуI жьантIэдзэкэри къыдолыж. ЦIыху хэтыкIэ тэмакъкIыхькIэ дунейм зи пщIэр щызыгъэIуа кавказ I1эпхъэм убэшчыныр, мащIэкIэ арэзы ухъуныр, мылъкуаблэу ущымытыныр емыкIуу къызыщIыхъу жьлагъуэ къыздрахар дэнэ?!

ГъэтIылъпIэ къыддэзымыт бзэм и Iуэхур мыбдежми къыхэдмыIуу хъуркъым. Дауэдапщэ хэIэтыкIахэр нысашэм нэхъыбэу езыщIылIэр къалэшхуэхэм дэс ди I1эпхъэгъуэхэрщ. Адыгэбзэ зыIурымыплъыкъ абыхэм я нэхъыбэм Iуэхур зэфIэзыхьэн джэгуакIуэхэр кьрагъэблагъэ, видеохэмрэ сурэтхэмрэ уэрагъэхъуапсэу утыку кьралъхьэж, гум зыэыщимыгъэнщI лъэпкъ фащэри анэдэлъхьубзэри тхуэзэблах. ЗиIэм дежкIэ хъарзынэщи, и хьэлэщI, гуфIэгъуэ кIыхь Тхьэм хуищI. ИтIани, Голливудым е тырку сулътIаным и сэрейм щытраха фIэкIа умыщIну зэфIах а хьэгъуэлIыгъуэ хэIэтыкIахэм якIэлъэпIль лэжьакIуэжьым апхуэдэ I1эуэфIэмыкIыныр емыкIуу къыщохъури, и гъащIэ псор нысашэ уасэ зэхуэхьэсыным ехь. Акъыл зэгущкIэ уегупсысми, хабзэр щхьэхуэщ, дауэдапщэр абы щатIагъэ фащэу аркъудейщ. Лъэпкъым бгъэдэлъ кууагъэр абы къытебгъэлъадэ зыгъэбырыбыкIэ цIуугъэнэм щIыхьэбгъэгъуэщэн щIыхьэкIым.

Зэрыщыту къэдмыщтэми, гупсысэ гуэрым дихуамышIну пIэрэ Шэщэн Республикэм иджыблагъэ къыщаIэта, нысашэм ехьэлIа унафэхэм? Республикэм и унафэщIыкIэ муфтийимрэ зэгурыIуэрэ, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

1. Уасэм (калым) и инагъым зихъэжыркъым: сом 80000-рэ шэщэн хабзэкIэ абы дыщIащ. Ар щыгъуэ, шейр, сурэтыр, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

2. Хъыджэбзым щыгъ бостейр щэшэн хабзэмрэ исльам динымрэ я мардэм иту щытын хуейщ.

3. Нысашэр унэм щащIми, ресторанym щрагъэкIуэкIми, шэшэн хабзэр и лъабжьэу щытыпхьэщ. Абы емызэгъ фотосессиехэр и видео сурэтхэр техынщ, псом хуэмыдэу ахэр иужькIэ интернетым кIыпхьэжьынщ ядэрэкъым.

4. НысащIэр унэм къыщыщIащIкIэ (Iащхьубыдыпщ) щауэм и благъэхэм я Iэ икIыр сом мини 10-м щIигъу хъунукъым.

5. НысащIэм гъусэ кIыхуащI хъунущ щIыхубзмI-шы, шэшэн хабзэм тету.

6. ШэшэнхабзэмтетуIрагъэхьыж пхъуантэ бжьгъэм зихъэжьыкрыкъым, ауэ емыгъэлеиным хуэсакъыпхъэщ.

7. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ нысащIэм и дыщым щыкIуэкIэ, лъапIэу зыри яхьын хуейкъым, хабзэкIэ къекIуэкIым фIэкIа.

8. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ, щыкъу аемрэ щыкIуэ адэмрэ тыгъэ лъапIэ хущIыркъым, ари къекIуэкI хабзэм тетыпхъэщ.

9. НысащIэр япэу и дыщ щашэжкIэ, гуащэ-тхъэмадэр и гъусэми и мыгъусэми хъунущ, зэрышIагъащIэкэр абыкIэ зэгурыIуэну хуитщ.

10. Малъхъэр нысащIэм и дыщ щыкIуэкIэ, зы щыхухэу, тIу е щы ирегъусэ. ЦIыхубзуи зы е тIу здашэ хъунущ. ЗэрыщIыпIэну зэманкIэ езыхэм яубзыху.

11. Малъхъэм и щыкъум яхуихь тыгъэр сом мини 10-м фIэкIын хуейкъым.

12. Малъхъэм тыгъэ къыщыхуащIкIэ, хьиим иремыкI, шэшэн хабзэм трет.

13. Ислъам диным емызэгъ тыгъэ егъэлеи псори - налкъутналмэс зэрыс Iэлъынхэр, шубэхэр, унэм зэрыщIэбэ Iэмэпсымэхэр, фэтэрыщIэхэр, машинэхэр, кIынэмыщIхэр - хъункIэ Iэмал зимыIэщ.

14. Зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхуэхэр Iимамхэм зэпкърыхьжынущ.

Гъунэгъуэм дадэвгъэплъей щыжьтIэкIэ, запэдвгъэщIыж жьытIэу кIыдгъэкIыркъым. ЩхэхуэсфIэкIкIэ, сыт ягъэ кIырэр жызыIэни щыIэщ. Ауэ уэ пхуэзфэкIыр зыльъагъу зыхуэзфIэмыкIым и насыпым гугъу хебгъэхьжыныр захуагъэ? «Иджыпстэ пасэу къашэрэкъым, пасэу дэкIуэркъым» щIыжкIэр унагъуэ щащхуэпхъэ ныбжьым зихъэжьауэ аракъым, щхьэусыгъуэр нысашэр зэрархуэдэмыхьынущ. Пэжщ, беи тхъэмыщIкIи игъащIэми щыIащ. «Зимыльэр зэзмыгъэхъуэпсэнымэ, сыт сыщIэлажьам и мыхьэнэр?» - жызыIи урихьэлIэнущ. А гупсысэкIэ пэнжьым пэлъэщыпхъэ акъылри зэрымыкIуэдыжьам фIым дыщегъэгъуэгъ.

Егъэджэныгъэ

НыбжьыщIэхэм яхуэгъэза гулъытэ

Мы махуэхэм нэрылъагъу дыдэ зэрыхъущи, ди хэкур ящыщщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным къэрал гулъытэшхуэ щигъуэт щIыналъхэм. БлэкIа илъэси 4-м щIигъум къриубыдэу Урысей Федерацэм и школакIуэ псоми ящыщу мелуанрэ ныкъуэм щIэныгъэ зэгъэгъэтыныжмкIэ иIэ Iэмалхэр хэпщIыкIыну хурагъэфIэкIуащ. Абыхэм я нэхъыбапIэр къуажэ школхэм йокIуалIэ.

КЪИНЭМЫЩIАУЭ, къэралым щIэуэ щаухуащ школ 900-м щIигъу. Абыхэм зыхуэй-зыхуэфI псомкIи къыщыщIэгъэнщауэ щIэныгъэ щагъуэт школакIуэ мин 540-м нэсым. Апхуэдэу блэкIа илъэсым къриубыдэу зэрагъэпэщыжащ еджапIэ унэхэу мини 2,5-м нэсэ. Иджыпрэ мардэхэм хуэкIуэу унэлъащIэкIи техникэ пэрытхэмкIи къызэгъэпэща а школхэм фокIадэм и 1-м щIэтIыкъэжащ сабий мелуаным щигъу. А псори я фIыгъэщ къэрал унафэщIхэм я жэрдэмкIэ къыхалъхьауэ зэнэкIи щагъэзащIэ лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ.

Гъэ еджэгъуэщIэр апхуэдэу зэпэщу щаублэжа еджапIэхэм щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIуэр зэрырагъэгъуэтым къыдэкIуэу, гулъытэ щыхуащI школакIуэхэр ерыскъы пщтыркIэ махуэм зэ пщIэншэу щыгъэшэным. Ди щIэналъэми и егъэджэныгъэ IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэм ящыщщ ар.

Къэбгъэльагъуэмэ, гъэ еджэгъуэщIэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм я пщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIуэхэр махуэ къэс зэ пщтыру ягъашхэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, абыхэм я бжьгъэр мин 51,5-м щIегъу. ШколакIуэ нэхъыщIэхэм хуащIэ апхуэдэ Iуэхутхьбзэр пщIэншэщ адэ-анэм я дежкIэ. Ар дэIэпыкъуэгъуэшхуэ мэхъу зи адэ-анэхэр махуэм лажьэ е щытыкIэ гугъум ит унагъуэхэмкIэ.

ЦIыкIуэхэм махуэм ирагъэшхыну ерыскъыр зыхуэдэм теухуа хъыбар пщэдджыжь къэс иралъхьэ курыт еджапIэхэм я сайтхэм «Горячее питание» фIэщыгъэр зиIэ я напэкIуэцIым. КъынэмыщIауэ, апхуэдэ дыхьарэр зэрыт тхылъымпIэ къыфIалъхьэ школ шхапIэхэм я хъыбарегъащIэ пIланэпэм. Шхынэр къызыхащIыкI ерыскъыпхъэхэм я фIагъыр къапщытэ ветеринар кIэлъыплъыныгъэ IэнатIэм и Iэщыгъэ-IэпIэхэм. Апхуэдэу кIийуэ кIэлъопль гъэщхэкIхэмк1.

«Роспотребнадзор»-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, школакIуэхэр гъэшхэным теухуа упщIэ зиIэхэм папщIэ IэнатIэм щаутIыпщащ телефон «пщтыр»: 42-30-31; 42-15-57 (зыгъэпсэкугъуэ махуэхэм - 42-35-74). КъБР-м Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ и центрым упсалъэ хъунущ 74-28-71 телефонымкIэ. Бахъсэн щIыналъэм щыпхьэжьну апхуэдэ телефон «пщтыр»м и номерщ 8 86634 4-22-35, Прохладнэ щIыпIэм - 8 86631 2-34-13; Iуащхьэмахуэ районым - 8 86638 4-34-97. А телефонхэр лэжьэнущ фокIадэм и 15 пщIондэ. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм теухуауэ абы махуэ къэс упсалъэ хъунущ сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ 16 пщIондэ.

НыбжьыщIэхэм щIэныгъэфIэр гъэсэныгъэ тэмэмра егъэгъуэтыным къыщыдэкIуэу, абыхэм я уэныщагъэми гулъытэшхуэ зэрыхуащIым и щыхьэтщ къэралпсо мыхьэнэшхуэ зрат а лэжьыгъэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Я дэIэпыкъуныгъэр псоми ялъэIэсынущ

«ЩIалэгъуалэм психологие дэIэпыкъуныгъэ етын» къэрал программэм хуибыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ гуныкъуэгъуэ зиIэхэм пщIэншэу чэнджэщ щхьэпэжэр етыным телажьэ центр.

ЦЕНТРЫМ и лэжьакIуэ Хьурей Каринэ дыззэрыщигъэгъуэзамкIэ, щIалэгъуалэ жылагъуэ Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Урысейм и щIыналъэ псоми щIилэжьэну апхуэдэ IэнатIэхэм я Iэмал нэхъыщхьэр пIалъэкIэ щытыкIэ гугъуи ихуахэм я гугъуехьыр ящхьэщыхьэу жылагъуэ гъащIэм хэщхьыныщ.

- Дэ Iуэхутхьбзэ зэмылIужьыгъуэхэр яхуэтщIэфынущ си ныбжьыр илъэс 14 хуьахэм къыщыщIэдзауэ 35-м нэсэм. Зи дзыхь къыдзэзыгъэзэхэм щхьэж я гукъеуэ яIажщ - зэгъ я адэ-анэм, я щхьэгъусэхэм ягурыIуэркъым, хэти зыхэт лэжьакIуэ гупым яхэзагъэркъым, ныбжьэгъум иращIэ щэщхуэр зыхуэзмыгъэзагъуэкIи я къажкI. Абыхэм я гукъеуэхэм, я ныбжьыкIэхэм гупсэкуу дыщIэдзIуу сэбэп дазэрыхуэхуным ди зэфIэкI псори зэретхьэлIэным дыхэтщ, - жиIащ абы.

Центрым махуэм хуэзэу цIыхуитхум нэхърэ мынэхъ мащIэм зыхуагъазэ, чэнджэщ гъыхъэуэ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, лэжьыгъэхэм къыдэхуэу псалъэпIэ щагъуэт тхьэмахуэ махуэхэм закъыкъэзыгъазэкIэ нэхъыбэ мэхъу. Центрым иIащ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI психологыгу щы: ДыщэкI Лаурэ, Бахъсэнокъуэ Данэ, Хьурей Каринэ. Щымы университет щIэныгъэ ябгъэдэлъщ. Центрым щылэжьэн ипэкIэ Москва я щIэныгъэм щыхагъэхъуащ иджыпсту зыпэрыхьа лэжьыгъэм ехьэлIауэ. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм абыхэм телефонкIэ зыпащIи езыхэм зэпсальэ хьунущ.

- Псальэмакъ щхьэпэхэм къыщынэмыщIауэ, ди республикэм и лэжьакIуэм щеджэ студентхэми захуэдгъаззу мастер-классхэр ядедгъэкIуэкIыну ди мурадщ. Ди Iуэхутхьбзэр къуажэдэс щIалэгъуалэмэ зэралъэIэсыным дыхэтынущ, - жиIащ Каринэ.

ПэхуэщIэр 2023 гъэ икIыху ягъэззэщIэнущ. Илъэсым и кIэм центрым и лэжьыгъэм кърикIуэкIэ къапщытэку, абы къызэпэщакIуэкIэ арэзы техьуэмэ, пэжэщIэм пащэнущ. Центрыр къызэрэпэщынмкIэ Iуэхур далыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ министерствэмрэ КъБР-м и щIалэгъуалэ центрым-рэ.

Центрым и лэжьакIуэхэм запыщIэ къунущ мы номерымкIэ: 88003011997.

ХЬЭТУ Астемыр.

Псэр зыхьэху меотхэр

Адыгэхэм я къежьапIэ хъуа лъэпкъэм язщ Псыжь и Iэгъуэблагъэм щыпсэуа меот лъэпкъыжьыр. Абыхэм я тхыдэм илъэс 30-м щIигъу тезыгъэкIуэда археолог цIэрыIуэ Красильников Игорь къыхутауэ щытащ зыззмаи меотхэм защтэу Тэн (Дон) и Iэгъуэблагъэм Iэпхъуэжьауэ зэрыщытар.

ЦIыху куэд щыIэщ ди лъэпкъым лъабжьэ хуэхъуа пасэрейхэм я гугъу щащIкIэ, а псори къагупсысауэ къафIэщIу, щIэныгъэм тегъэщIапIэ быдэ зэрыщIиIэм шэчышхуэ къытрахьэу. Илъэсищ къудей мыхъуу, лIэщIыгъуэ пщIы бжьгъэхэр щыбIэкIакIэ, тхыдэджэмэ къэхутакIуэхэмэ щыуагъэ зэрапсэуIэкIэ къэнур гурыIуэгъуэщ. ГурыщIхэу псоми уапхыкIыу, пэжыр мыращ якIэпIэнр зэрымытынымкIэ нэмыщIыж, астрономиемэ, биологиемэ, химиемэ ещхьу, тхыдэ щIэныгъэмэ иджыри къэс ямыгугъэ куэд къыщIэхъуж.

Плотниковэ Людмилэ Курган областым щыщщ, тхыдэмкIэ ЕгъэджакIуэщ. Студенту щыщытам, абы къыхуихуащ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Красильников Игорь и гъусэу, Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) деж къыщыщIэрагъэпэщащ археологие экспедицэм хэтыну. 1980 гъэм и щыщхэуIум ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр «Лебедь III» зыфIаща кхъэлъэхэм егъэщIылат.

«Хэт хъуну-тIэ а меотхэр?» - упщIэ щегъэуВ Людмилэ фIыкIэ игу кIынэжа гъашIэ Iыхьэм щытепсэлъыхьыж тхыгъэм. - Археологхэм зэрыжаIэмкIэ, ахэр адыгэхэм я аджьхэращ, щIыпIэшхуэ яубыду щытауэ, мэкъумэшым елэжьхэу. Меотхэм гуэдз, гъасэ, хьэ, хугу, губгъуэджэн (чечевица), чэтэн ягъэкIыу щытащ. А псомэ я щхьэхэт къыщыдгъэтащ, къэтIтIаехэм. ЩIакъуэгъэ езыхэм зэрашхьи нэмыщI, Боспор пащтыхьыгъуэм иращэрт. Меотхэм я псэукIэм мыкъэнэхуэз щиубыдырт Iэщ зехуэным. Абыхэм жэм, кхъуэ, мэл, бжэн зэрахуэрт, хьэжэри кьагъэсэбэпырт. Гупльэтэшхуэ хуащIырт абы-хэм шыми, псом хуэмыдэу зауэм хэтыеф уанэшхэм. Меот щэнхабзэм елэжьа псоми ящIэ мы лъэпкъым лъэхэм я лэжьэкIэр ибогъэфIакIуэ, ахэр нэхъ лъэщ, нэхъ къаруфIэ уощI. Акъылыр мыхьэнэ зиIэ гъэрым егупсысыжу, нейронхэр нэхъ быдэ мэхъу. Иджыпсту зэдауэ куэд зэхьибох: цIыхум акъылифIагъыр къыдалъхуэр хьэмэ зыхилъхьэрэ, жаIэри. Шэч къытедмыхьэжу дощI: цIыху щэджащэу укъамылъхуамэ, гениий уэрэ уэрэу ухъуфынукъым. Ауэ нэхъ гъэщIэгъуэныр аракъым. Гениий ущIэхъун акъылрэ зэхэщIыкIрэ къыбдалъхуауэ, ар пIэщIэкIуэдэжьынкIи зэрыхъунуращ бзыльыр. Уи адэ-анэр е уи егъэджакIуэхэр набдзэгубдзапIлъэу щымытмэ, сыт пщIэнур? Си щхьэкIэ, егъэджакIуэхэм сигу ящIоГъупэ. Псалъэм папщIэ, уи классым Моцарт щIэсу къыщIокI. Е Пушкин? ЦIыхуужьхэм уасэшхуэ щIат къыздальхуа хэльэтым. Ахэр адрей цIыхухэм ещхькъым, гъэщIэгъуэну щытщ. Дэ псори зы жьпхъэм итын хуейуэ къыдольныгъэри, абыхэм я хьэл къызэрымыкIуэхэр дигу тедгъэхуфIыжьы».

Езым и къэпсэльэгъуэхэр интернетым зэпу щызэIэпахрэ пэт, Черниговскэр жылагъуэ зэпыщIапIэхэм (соцсетхэм) я бийщ. Къыжьэлъыплъын зимыIэ ныбжьыщIэхэр имыкъэууэ къаIэрыхьэ щапхъэхэм ягъэкIуэду къыщохъу, акъылэгъу удэмыхъунуи гугъущ.

«Еджэн щыхуейр уделэ нэхърэ, губзыгъэ ущытмэ зэрыпхъыфIым и закъуэкъым, - дыщрохьэлIэ нэгъуэщI лекцэм. - Ар армырамы гурыIуэгъуэщ. Уеджэху, уи щхьэ куцIыр зыхэпсэукI наIуэ зэрыщIэнымрэ, гупсысэ гуэрым дихуамышIэну пIэрэ Шэщэн Республикэм иджыблагъэ къыщаIэта, нысашэм ехьэлIа унафэхэм? Республикэм и унафэщIыкIэ муфтийимрэ зэгурыIуэрэ, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

1. Уасэм (калым) и инагъым зихъэжыркъым: сом 80000-рэ шэщэн хабзэкIэ абы дыщIащ. Ар щыгъуэ, шейр, сурэтыр, пIэрэкъым щрагъэкIуэкI хъэгъуэлIыгъуэхэм Iыхьэ 14-у зэхэту мардэ ткIийхэр хуагъэуващ. ЗэхъуэкIыныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нысашэм текIуадэ мылъкур куэдыIуэу къызэралъытэрщ.

2. Хъыджэбзым щыгъ бостейр щэшэн хабзэмрэ исльам динымрэ я мардэм иту щытын хуейщ.

3. Нысашэр унэм щащIми, ресторанym щрагъэкIуэкIми, шэшэн хабзэр и лъабжьэу щытыпхьэщ. Абы емызэгъ фотосессиехэр и видео сурэтхэр техынщ, псом хуэмыдэу ахэр иужькIэ интернетым кIыпхьэжьынщ ядэрэкъым.

4. НысащIэр унэм къыщыщIащIкIэ (Iащхьубыдыпщ) щауэм и благъэхэм я Iэ икIыр сом мини 10-м щIигъу хъунукъым.

5. НысащIэм гъусэ кIыхуащI хъунущ щIыхубзмI-шы, шэшэн хабзэм тету.

6. ШэшэнхабзэмтетуIрагъэхьыж пхъуантэ бжьгъэм зихъэжьыкрыкъым, ауэ емыгъэлеиным хуэсакъыпхъэщ.

7. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ нысащIэм и дыщым щыкIуэкIэ, лъапIэу зыри яхьын хуейкъым, хабзэкIэ къекIуэкIым фIэкIа.

8. Гуащэмрэ тхъэмадэмрэ, щыкъу аемрэ щыкIуэ адэмрэ тыгъэ лъапIэ хущIыркъым, ари къекIуэкI хабзэм тетыпхъэщ.

9. НысащIэр япэу и дыщ щашэжкIэ, гуащэ-тхъэмадэр и гъусэми и мыгъусэми хъунущ, зэрышIагъащIэкэр абыкIэ зэгурыIуэну хуитщ.

10. Малъхъэр нысащIэм и дыщ щыкIуэкIэ, зы щыхухэу, тIу е щы ирегъусэ. ЦIыхубзуи зы е тIу здашэ хъунущ. ЗэрыщIыпIэну зэманкIэ езыхэм яубзыху.

11. Малъхъэм и щыкъум яхуихь тыгъэр сом мини 10-м фIэкIын хуейкъым.

12. Малъхъэм тыгъэ къыщыхуащIкIэ, хьиим иремыкI, шэшэн хабзэм трет.

13. Ислъам диным емызэгъ тыгъэ егъэлеи псори - налкъутналмэс зэрыс Iэлъынхэр, шубэхэр, унэм зэрыщIэбэ Iэмэпсымэхэр, фэтэрыщIэхэр, машинэхэр, кIынэмыщIхэр - хъункIэ Iэмал зимыIэщ.

14. Зытепсэлъыхьыпхъэ Iуэхуэхэр Iимамхэм зэпкърыхьжынущ.

Гъунэгъуэм дадэвгъэплъей щыжьтIэкIэ, запэдвгъэщIыж жьытIэу кIыдгъэкIыркъым. ЩхэхуэсфIэкIкIэ, сыт ягъэ кIырэр жызыIэни щыIэщ. Ауэ уэ пхуэзфэкIыр зыльъагъу зыхуэзфIэмыкIым и насыпым гугъу хебгъэхьжыныр захуагъэ? «Иджыпстэ пасэу къашэрэкъым, пасэу дэкIуэркъым» щIыжкIэр унагъуэ щащхуэпхъэ ныбжьым зихъэжьауэ аракъым, щхьэусыгъуэр нысашэр зэрархуэдэмыхьынущ. Пэжщ, беи тхъэмыщIкIи игъащIэми щыIащ. «Зимыльэр зэзмыгъэхъуэпсэнымэ, сыт сыщIэлажьам и мыхьэнэр?» - жызыIи урихьэлIэнущ. А гупсысэкIэ пэнжьым пэлъэщыпхъэ акъылри зэрымыкIуэдыжьам фIым дыщегъэгъуэгъ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ

Узыгъэгушхуэт

Налшык къалэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зэрихьэу дэт библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм зэхыхьэ гукъинэж щекIуэкIащ. Абы тедгъэпсэлъыхьыну, зэIущIэ ноужым дэ зыхуэдгъэзащ ар къызыгъэпсэлъэщта икIи езыгъэкIуэкIа, зи гугъу тщIы къудамэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Безыр Ленэ.

● Зэхыхьэхэр

- Ленэ, дэ зэрытщIэмкIэ, тхылъ хъумапIэм адыгэбзэкIэ щрагъэкIуэкI зэхыхьэхэм я нэхъыбэр зэхэзыубгъэр уэращ. Нобэ дызыхэвгъэплъа Iуэхур къызэрефэхьажьа щIыкIэм и гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ фIыуэ зыплъагъуэм папщIэ «Гум и макъ» зыIорэтща клуб къызэдгъэпэщащ. Си кIуплкIыр зэрыт дэфтэрми ар иратхащ, клубым и «зэхэшакIуэ» цIэр сиIэу.

- Къебгъэблагъаэр къыщыхэфым сытым тефщIыхьа, Ленэ?

- Нэхъыбэу кьедджакэр тхакIуэ, журналист Iэззу дунейм тета Хьэх Сэфарбий къызэригъэпэщащ щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ зэгухэзнеигъэм ныв зэманым хэтхэрщ. Аэр щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм яIудгъэщIащи, и къызэгъэпэщыкIэри, и егъэкIуэкIыкIэри къыддахъулIаэу къызолъытэ, зэхуэзахэм къаэрыщыкъуэм тетщIыхьмэ. Лъэныкъуэкэр зэрыдгъэлъэгъуащ, зым жиIэм адрейр щIэдгъэдэIуащ. ТхакIуэхэр, ныбжьыщIэхэм я пащхьэ ису, я кьеклуэкIыкIам, къалэм зэрыдихьэха щIыкIэм тепсэлъыхьащ. Мыдрейхэми тхэным гу хуэзыщта гуэрхэри къаэкIащ.

- Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм фызэрыдэлажьэм ехьэлIауэ сыт къыдекIэнт?

- Илъэс пconsем тегушауэ, мазэ къэс тщIэнум теухуауэ план диIэщи, абы икIи иткIэ долажьэ. Абыхэм я пащщ зыщ мыбдеж нобэ щекIуэкIар. Ятэщ1ыкIэ, длэжьыну зыхудигугъэм теухуауэ программэ зэхыдогъэувэ. Абы Iуэхум хэзыщIыкIыу министерствэм щIэсхэр хоплъэжри, «мыр дэщIыгъуэжамэ е мыдрейр зэфхъуэжIамэ арат» жыхуаIэр хыдогъэхьэжри, лъэныкъуитIри арэзы дыкъэзыщIыну план зэдыдоубзыху.

- Мыпхуэдэ зэIущIэхэм нэмыщI, иджыри сыт фи лэжьыгъэ?

- Адыгэхэм ди махуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа дэфтэрхэр щызэхуэхтыхэса дапхъэжэр догъэув, едгъакIуэ цIыкIуэхэми, студентхэми, арыхху ди деж кыщIыхьэхэми зрагъэлъагъуфын хуэдэу. ТхыльыщIэ къыдэкIхэм Iутыхуауи гъэлъэгъуэныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къызыдогъэпэщ. Интернетым къыщызэIутха напэкIуэцIхэми абыхэм ятеуухаэр къыдолъхьэ.

- Курыт еджапIэхэм ящыщу нэхъ къыздэлажьэхэр дэтхэнэхэрэ?

- Нэхъыбэрэ ди деж къакIуэкIэр Налшык дэт 11-нэ, 13-нэ щколхэм щеджэ цIыкIуэхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэгъэджакIуэхэмрэщ, Кагъыгырмэс Анетэ, Кълыш Алёнэ, Жыкъуэ Соня сымэ я зэхэщакIуэу. Мыбыхэм сытым дежи зыкъыитхуагъаз, «Дапщщ иджы дыщцIэзэр-нуар?», «Хэт дызыIущIэнуар?» жаIэу. Апхуэдэу, нобэ зи кIэ диплъа зэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ кьалэм дэт 5-нэ курыт еджапIэм щIэсхэми, педагогикэ колледжым щеджэхэми. Уеблэмэ, университетым адыгэбзэмкIэ и кьудамэм и студент зыбжани щыIащ. Дэ езым кьыддэлажьэхэри зэдыдоубзыху.

- Зэман гъунэгъум сыт фи мурад, Ленэ?

- Адыгэхэм я махуэм иргъэхьэлIэу зэхьхьэ щхьэхуэ фокIадэм и 15-м едгъэкIуэкIыну ди мурадщ. Абы дэ дыщытепсэлъыхьынущ лъэпкъым къыхэкIа цIыкIуэ щэджащэхэу дунейпсо щэнщIыкIэхэм, щIэныгъэм, гъэщIэм и унэтIныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыфахэм, зи цIэр жьжьэ Iуахэм, IуэрыIуатэм дежи къыщыщIэдзауэ, ди щэнхабзэм, тхыдэм ехьэлIа папкIуэцIхэм, кьимыдэкIэ кьекIуалIэхэм къагъэув упщIэхэм жэуап еттынущ.

ЕкIуэкIа Iуэхур къаззэрыщыхъуам тедгъэпсэлъыхьыну зэхьхьэ ноужым дэ зыхуэдгъэзащ «Шыхулъагъуэ» литературэ зэгухьэныгъэм хэтхэу Къумыкъу Лерэрэ Къанкъуй Раисэрэ.

Iпэу псалъэ зэттар Тэрч къэлэ дэс **Къумыкъу Лерэщ.**

- Мыбы хуэдэ зэIущIэ гъэщIэгъэун дыхэтын папщIэ, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ тхылъ хъумапIэм драгъэблагъащ. ШколакIуэ цIыкIуэхэм, студентхэм дыIуагъэщIащ, тхэным бгъэдыхьэкIэу хэтлъагъуэхэм, зыщыдедгъэхьэхам и щхьэусыгъуэм, нэгъуэщI абы хуэдэхэми дытрагъэпсэлъыхьащ, щызэIущIэхэр дызэрагъэщIыхущ. Аэр уи щхьэкIэ къызэрыпщыхъуам теухуауэ псалъитI-щы къыдекIэмэ, ди гуапэт, Лерэ.

- ЗэрекIуэкIар хуабжу IуэхуфIу къэсслъытащ сэри. Ди адыгэбзэ дахэм, Iэфым дихьэхэкIэр мымащIэу зэрыдиIэм дыщымыгуфIыкIыныр Iэмал зимыIэщ. АтIэми, уи бзэр пщIэжмэ, хамэбзэ псалъэхэмкIи уи гупсысэр нэхъ кууэ къыпхуэIуэтэну къысщыхьэ. Нобэ дызыхуэза, анэдэлъхьбзэм ирипсэлъэф ныжьыщIэхэм хуабжу сащыгуфIыкIащ. Сахуохъуапсэ адыгэбзэр яIурыльрэ я щыIэкIэ-псэукIэри дахэу ильэс бжыгъэ куэд кьагъэщIэну. Сыкъапщтэмэ, си быным я бынижьым адыгэбзэр къызэращтэным сыхущIэкъу зэпытщ, «Нур» журнал цIыкIури яхутездзауэ кьытхуокIуэ.

АрщхьэкIэ, си жагъуэ мэхъу, цIыху зэхьхьэ, сабий зэхьхьэ хъуэ иужькIэ, зэрырагъэкIуэкIри, и нэхъыбэр зэрыщыпсалъэри урысыбзэу зэрыщытыр. ДызыгъэпIейтейщ, я адэ-анэр дзнэ къэна, я анэшхуэ-адэшхуэхэри сабийхэм урысыбзэкIэ зэрепсалъэр. Апхуэдэхэм соупщI: «Фхуэмыгъэшэрыуэ хамэбзэкIэ фепсалъэ нэхъри фи анэдэлъхубзэкIэ фадэуэршэрмэ нэхъыфIкъэ?» - жызоIэри. Я жэуапыр си гум сэ кьыхэIум хуэдэщ: «Сыт, атIэ, абы щхьэкIэ къэхъунур?». АтIэми, къэхъур нэрылъагъущ - адыгэбзэм и къарур ягъэкIуащ. А къыхэдгъэщам пэщIэувэу, мы дыздэщыIам лэжьыгъэ тэмэм ирагъэкIуэкIыу си щхьэкIэ кьызолъытэ. Мыпхуэдэ зэхьхьэхэр дяпэкIи ирагъэкIуэкIыфрыну сахуохъуахъу!

Адэкъэ дэ зыхуодгъазэ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, усакIуэ Къанкъуй Рае:

- Зэхьхьэр къызэрыпщыхъуам, и егъэкIуэкIыкIэм дяпэкIи сыт халъхьарэт хужыпIэн?

- СыщыгуфIыкIащ я зэхэшэкIэм. НыбжьыщIэхэмрэ нэхъ цIыкIуэхэмрэ нэхъыбэжу къэрезгъэшIэнут, кьуажэхэм кьыдашхэри яхэту. Нобэ зэращам ещхьу, едгъапIэ нэхъыщхьэм щIэсхэри кьыхаущ. ЕгъэкIуэкIыкIэр нэхъ шэщIауэ, кьыщIаIэт Iуэхуэр нэхъ убзыхуэуэ щытын папщIэ, ирагъэблагъэхэм зыщагъэхъэзырауэ, ныбжьыщIэхэри нэхъ хуэщIэгъэуфIуауэ щытыпхъэщ. Адыгэбзэм езы ныбжьыщIэхэр зэрыхущытыр, ар нэхъыфIу зрагъэщIэн папщIэ, зыхущыщIэу кьалъытэхэр кьегъэIуэтэн хуейщ.

- Езы цIыкIуэхэм упщIэ гуэрхэр ягъэхьэзырауэ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэм хуэгъэзауи?

- СощIэж, сыщыщIыкIум, гъуджэм сыбгъэдэсу зэрызысщIу щытахэр, «Адыгэ псалъэ» газетым сызэреджэсфм сыкIэлъыплъыжу. Сыхуейт, тхылъ хъумапIэм кърашалIэ сабийхэм Iуэхум теухуауэ губзыгъагъэ гуэр ящIащхэм къызэрытпахыфынур я папщIэ тельыну, дэри абы дытелэжьэну, бзэм и Iэфыр заходгъэщIэным теухуауэ нэхъапэм дызыхущIащхэри мыбыхэм яхэтлъхьэну...

Епсэлъар
КЪУМАХУЭ Асльэнщ.

● IэщIагъэ

Акуандэ и дыщэ пхъуантэ

ЦIыхум и насыпыр и натIэ иту къигъэщIу, къыхуиухар къыдалъхуу жаIэ. Ар пэжу къыщIэкIынщ. Армырамэ сабийм ипэIуэкIэ ицIыхункIэ Iэмал зимыIа щIэныгъэрэ Iэщ1агъэрэ бгъэдэлъу, зэфIэкI пыухыкIахэр пкърылъу щхьэ дуней къытехьэрэ? Абы, ухуей-ухуэмей ми, урегъэгупсыс фэдгъэщIыхуну хьыджэбз цIыкIур гъуаплъэм ирилажьэу, абы тхьэгъу, Iэпщэхъу, пщэрыдзэ къыхищIыкIыу, ар зыкIи къыкъэлъэкIыну, дахащэу кьехъулIэу цIыплъагъуэкIэ...

ШУРДЫМ Акуандэ илъсий къудейщ зэрыхъур. Ауэ абы инстаграмым напэкIуэцI щхьэхуэ щIэщ, и Iэдакъэщ1экIэр зэрищIыр щигъэльагъуэу. ИщIри дахэ дыдэ мэхъу, уеблэмэ иджыблагъэ абы гу кьыльитащ дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэ дыщэкI Iеутых Iэсият. Езы пщащэ цIыкIум зэрыжиIэмкIи, абы гулъитэ къызэрыхуищIар хуабжьу и гуапэщ.

- Гуащэнэ (апхуэдэущ Акуандэ псори зэреджэр) сытым дежи щэхущ, зэранщыкъым, кIыпкI-кIыльтхъым. И закъуэ кьэнакъэ - пластилиным хьэпшып гуэрхэр-хищIыкIыу, сурэт ищIу, дзапэ уэрэд кьришу щысщ. Кьыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу дунейм сыт тыгъэ хуэсщIын жьислэу сыгупсысэурэ, пащэщну зэрыфIэфIыр къэслъытэри, тхьэгъу, Iэпщэхъу сыт иращIу, хьэпшып цIыкIуфэкIуэрэ Iэдэ-уадэрэ дэлъу пхъуантэ кьыхуэсщхуат. Ар абы зыкIэ щыгуфIыкIаи, махуэ псом кьыкIэрымыкIыу кIэрысащ. Уеблэмэ, асьхьэту тхьэгъу цIыкIуэр зэпищIэри, кьыхуэкIуа хьэщIэхэм тыгъэу ритыжат. КьыщыгуфIыкIат, сыту дахэу пщIа, сыту къэхъулIа жаIэурэ. Абы игъэгушхуа?! Дихьэхыпэри, нэгъэщI зыгуэрхэри ищIыну яужь ихьащ. Ауэ Гуащэнэ Iэмэпсымэхэр ицIыхутэкъым, нэхъапэ IуэкIэ зэи ильэгъуатэкъыми, дигъэмэхьи щIидзащ: «Мыбыкlэ сыт ящIэр, мыбы дауэ узэрырилажьэр?!» - жиIэурэ. Сэ сщIэ мащIэр езгъэльэгъуащ, ауэ и адэм абы гу щыльитэм, псори иригъэщIыхуащ. Абы льандэрэ зы махуэ къэмынэу зэхьпшып гуэрхэр ещI. Гумызагъэщи, ищIамкIэ щымыарэзыжьыр нэхъыбэщ, ауэ а кьехъулIа-хэр щыхуэбгъэдахэкIэ - льэтэным хуэдэщ, - жеIэ Акуандэ и ани Жан.

Сабийм и Iэр лажьэмэ, акъылыр гупсысэу жаIэ щIэныгъэлIхэм. Акуандэ и адэ-анэр щыхьэт тохъуэ ар зэрыпэкIым:

- И Iэпэхамкlэ зыгъэр ищIэху, и щхьэри мэлажьэ. И щхьэм лэжьэн зэрыщIидзаращ и нэщэнэу, и Iэпэхэр нэхъ псынщIэж мэхъу. Ауэрэ и пхъуантэ цIыкIум дэлъ кIапсэр иухат... Хьэпшып, техникэ куэд диIэт, кьутауэ, хьифIэддзэжауэ гуэлъщ щIэлъу. И адэр абыхэм етIысыкIэри, гъуаплъэм кьыхэщIыкIа кIапсэрэ гъущI кIапэу пылъыр хьапкърихащ, зэрылажьэ Iэнащхьэм дэкъащ хутригъэбыдащ, Iэдэ, уадэ, гъущI зэрызэпагъэж, зэраIуантIэ, зэрахъуэ Iэмэпсымэу иIэр хагъэхъуащ. Абыхэм зэрырилажьэри, зэрагъэIэкIуэри иригъэлъэгъуащ. ЗэщIыгъуу интернетым исщ, фэилъхьэгъуэ гуэрхэр кьалъхьуэу, ахэр зэращIыкIэ видео зэхуэмыдэхэм иоплъ. Ауэрэ зыгуэр и нэ кьыфIэнамэ, ещI.

Щыlэщ сабийр Iуэхугъуэ гуэрым дихьэха нэужь, зэман дэкIмэ, ар щыlэщIэхуэ, щыхуэмеиж, нэгъуэщI гуэрым зыщIитыж. Апхуэдэурэщ цIыхум зэрызигъэунэхужри. Ауэ Акуандэ и Iэмэкъыгъэ дахэм нэхъ тегушхэн, игу-и псэр нэхъри хьыхьан папщIэ, и адэ Шурдым Мурат инстаграмым напэкIуэцI кьащIыхуэзгъэуихауэ, пащащэ цIыкIур щылажьэкIэ сурэт, видео трихьиэрэ, кьрезыздэджэгун хуея «Урыхуми» апхуэдэу къыхигъэщIауэ къалъытэнущ.

ДызыкъуэкIуэ щэбэт, тхьэмахуэ зыгъэпсэхугъэхэм зэдэджэгунущ «Малкъ» - «Псыгуэнсу», «Ислъэмей» - «Шагъдий», «ЛогоВАЗ» - «Шэрджэс», «Искра» - «Дохъушыкъуей», «Акъбащ» - «Тэрч» командэхэр.

ШАФИЙ Асльэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщIыкIэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «**Родник**»	22	20	2	0	98-20	62
2. «**Тэрч**»	23	18	4	1	72-18	58
3. «**Искра**»	22	18	2	2	82-22	56
4. «Спартак-Д»	22	12	3	7	66-40	39
5. «Шагъдий»	22	10	5	7	83-54	35
6. «Шэрджэс»	23	9	1	13	50-78	28
7. «ИлъэмIей»	22	8	4	10	50-57	28
8. «Кэнжэ»	23	8	2	13	51-67	26
9. «Акъбащ»	22	7	5	10	49-75	26
10. «ЛогоВАЗ»	22	7	4	11	36-55	25
11. «Малкъ»	21	7	3	11	34-61	24
12. «Урыху»	22	5	5	12	47-70	20
13. «Дохъушыкъуей»	23	6	1	16	43-75	19
14. «Псыгуэнсу»	22	4	6	12	40-62	18
15. «Иран»	23	3	3	17	34-81	12

● Футбол

Псынэдахэ гъунэгъухэм ящысхьакъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщIыкIэм зи чэзу зэIущIэхэр щекIуэкIащ. Аэр зэрызэдэджэгуам къриIуа бжыгъэхэм уахэплъэмэ, псом япэу нэм къыфIэнэр Дзэлыкъуэ куейм щыщ командитIым - Псынэдахэ и «Родник» апэ увыпIэр зыIыгъыпхъэ епщыкIуэ-занэу щыт, Малкъ къуажэм и цIэджэгъу гупымрэ къагъэльэгъуарщ.

ГъэщIэгъуэн куэд ди нэгу щIагъэкI республикэм и гуп пашэм щыдджэгухэм. Абы и лъэныкъуэкIэ иужь зэIущIэхэм къыхэжаныкIа, бжьыпэр зыIыгъ псынэдахэдэсхэм бжыгъэшхуэкIэ, 14:2-уэ, «Малкъэр» хагъэщIащ. Абы и мызакъуэу, «Родник»-м нэхърэ топ нэхъыбэ хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм дзэзыгъэкIа хэтхъым чемпионатым - джэгугъуэ 22-м кьриубыдэу 98-рэ. Зи гъуэр нэхъ быдэу зыхъужэ етIуанэ увыпIэм щыт «Тэрчырщ» - топ 18-щ худагъэкIар. Зэкlэ «Родник»-м теIуэныгъэу 20 иIэу, зыри кьытемыкIуауэ, екIуэрещхьу мэджэгу.

Гъущхьэуэхэм я зэпеуэм ипэ щытщ Бэлагъы Руслан-рэ («Шагъдий») Бэчбо Муратрэ (Родник). Тlуми хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ 24-рэ дагъэкIащ.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ зыздэджэгун хуея «Псыгуэнсу», «Ислъэмей» - «Шагъдий», «ЛогоВАЗ» - «Шэрджэс», «Искра» - «Дохъушыкъуей», «Акъбащ» - «Тэрч» командэхэр.

ШАФИЙ Асльэн.

● Ерыскъы

Къыщ1агъэкIым хохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэриатмкIэ, 2023 гъэм и япэ мазиблым къриубыдэу республикэм ерыскъы къыщIэзыгъэкI, ерыскъыхэкIхэм елэжь и Iуэхущ1апIэхэм промышленнэ производствэмкIэ индексыр ерыскъымкIэ процент 102-рэ, псыхэкIэхэмкIэ процент 119,1-рэ щыхъуащ.

КIэщIу жыпIэмэ, иджыпсту щыIэ бжыгъэхэмрэ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIахэмрэ зэхуэбгъадэмэ, тхъуцIынэу къыщIагъэкIар процент 11,8-кIэ, шатэр - процент 30-кIэ, шхуэхкIыр - процент 29-кIэ, кхъуейр - процент 10-кIэ, кхъуейлъапэр - процент 27,6-кIэ нэхъыбэщ.

Минерал псыуэ къыщIагъэкIам и куэдагъым процент 18-кIэ хагъэхъуащ, псыIэфIыр - процент 7,7-кIэ, сырэр - процент 30,7-кIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

«Уэчылым» дзыхь хуищIакъым

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм 2023 гъэм фокIадэм и 7-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 94-рэ зи ныбжь цIыхубзым. Абы и лжэ къэпсэлъащ имыцIыхур икIи уэчылу кьыжьрилэри, хьыбар къригъэщIащ и пхъум и зэранкIэ гъуэгу-транспорт зэжьэхуэу къэхьауэ. Iуэхур къаугъэншэу зэтраугъэфIэжьи папщIэ абы къыхуигъэлъэгъуащ сом мин 200 къыхуигъэкIуэну цIыхум иритыну.

ПЕНСИОНЕР цIыхубзар арэзы хъуа хуэдэу жэуап иритри, хабзэхъумэхэм я деж псэльащ. Налшык къалэм щыIэ УМВД-м уголовнэ къыхьэхуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм а махуэ дыдэм ярыбдащ ахъшэм кьыкIэлъыкIуар. Ар илъэс 19 хьу налшыкдэсщ.

ЩIалэм илэжьамкIэ зиумысжащ, ахъшэри кьеIэщIахьжащ. Яубыдам жиIащ мы гъэм щыщхьэуфIуи и 22-м апхуэдэу кьызэрихьэгъэпщIар илъэс 74-рэ си ныбжь налшыкдэс цIыхухъур. А махуэм, дзыхь кьыхуищIри, цIыхухъум курьерым иритащ сом мини 150-рэ, гъуэгу-транспорт зэжьэхуэум хэхуаэу кьыжьраIа и Iыхьлым теуухуа Iуэхур зэфIригъэхьину.

ЩIалэщIэм теуухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ Налшык къалэм щыIэ УМВД-м и полицэм и Iэнатlэ №2-м и следственнэ кьудамэм, УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ,159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ.

Нэхъапэкlи суд тращIыхьат

Урысей МВД-м и кьудамэу Дзэлыкъуэ районым щыIэм 2023 гъэм и бадзэуэгуэм зыхуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кIуэцIрыкI хьэлъэзешэ автомашинэр зезыгъакIуэм.

ЦIыхУХЪУМ зэрыжиIамкIэ, гъэзгум кьыщригъэтIысхьа имыщIыхум кьыхуигъэзгъуащ и машинэм гъэсыныпхъэ нэхъ пуду иригъэхъэныжьмкIэ кьыдэзыпкъыну. Дзэлыкъуэ районым щыIэ гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэм ящыщ зым техьэри, рулым дэсым и машинэ бакым иригъэльэдащ литри 180-рэ, гъуэгу кьыхуэхъуам, и льготэ картэр кьитIэсэбэлу уасэр хуритыну къэзыгъэгъэм Iэщ1ицIыхьащ сом 9 000. АрщхьэкIэ, ахъшэр зэрыIэрыхьэу абы зигъэбзэкащ.

Кьэлъыкъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым ар зэхэзыщIыхьар хабзэхъумэхэм яубыхуащ. Уголовнэ кьэлъыкъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм фокIадэм и 4-м яубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 33-рэ хъу, Ставрополь крайм щыпсэур икIи пIалъэкIэ щалIыгъ изолянторым яшащ.

Сом мин 429-рэ Iэщ1агъэкIащ

Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щIэ къудамэм 2023 гъэм фокIадэм и 5-м зыхуигъэзащ илъэс 54-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым. Абы жиIащ мы гъэм щыщхьэуIум и 17 - 23-хэм кьриубыдэу и деж банкым щынагъэунэмкIэ и кьулыкъым и лэжьакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуар кьызэрыпсэлъар. Япэу кьыщыпсэлъам цIыхухъум кьыжриIащ зыгуэрым абы и цIэкIэ щыхуэ кьыIыхьну зэрыхьэтыр икIи ар къымыгъэхъун папщIэ, езы цIыхубзым кредитыр иригъэтхыну, ахъшэр «шынагъуэншэ» счётым ирилъхьэн хуейуэ. Апхуэдэ банкир нэпцIым епсалъэурэ, кьыжриIэр игъэзащIэурэ, цIыхубзым гъэпцIакIуэхэм кьыхуагъэлъэгъуа счётхэм терминалхэмкIэ игъэкIуащ сом 429 000-рэ.

КъэпсэлъАм телефоныр кьытримыхьыж щыхъум, цIыхубзым кьыгурыIуащ кьызэрагъэпцIар.

Урысей МВД-м и кьудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и Следственнэ Iэнатlэм уголовнэ Iуэху кьиIэтащ.

Наркотикхэкl грамм 70 къытрахащ

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъыныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэкIэ ирагъэкIуэкIыну, Налшык Къэнжыкъуейм и цIэр зезыхьэ уэрамым щаубыдащ илъэс 35-рэ хъу, Прохладнэ къалэм щыпсэу цIыхубзыр. Ар зэращащым кьытрахащ хьэжа пкъыгъуэхэмкIэ гъэнщIа зэкIуэцIышыхьауэ 104-рэ зэрылъ полимер пакет.

ЯУБЫДАМ зэрыжиIамкIэ, абыхэм якIуэцIылът «метадон», «героин» наркотикхэкIэр. Аэр зыIэрыгъэхьат интернеткIэ, адэкIэ, щхьэгъэтIылъыпIэкэр кьигъэсэбэпуэрэ, Налшык щригъэкIым мурад иIэу.

ЦIыхубзым Къуэныкъуейм и цIэр зезыхьэ уэрамым щагурыгъэльэгъуащ апхуэдэ пкъыгъуэ зэрыпсэ зэкIуэцIышыхьауэ 135-рэ кьыщигъэна гъэтIылъыпIэ щахуу 3.

Экспертизэм кьызэрыIытамкIэ, зэкIуэцIышыхьауэ 185-м ярылът «метадон» грамм 49,69-рэ, 54-м - «героин» грамм 18,76-рэ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и Следственнэ кьудамэм уголовнэ Iуэху кьиIэтащ УФ-м и УК-м 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым япкъ иткIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщIхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №1988

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщIыха бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIи и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIынагъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къудзэ **Джэтокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.